

LIMYÈ KLIYOTAN WOUJ SIY VINI LI AN

63-0623E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, Frè Neville. Annou rete kanpe jis yon moman pou lapriyè, ann bese tèt nou. Papa nou ki nan Syèl, a Ou menm nou bay louwanj pou tout sa je nou te wè e zòrèy nou te tandè. E nou remèsye W, Seyè, poutèt jodi a nou konnen Ou se menm Jewova Bondye ki te toujou la e Ki va toujou la.

2 Nou remèsye W pou Jezikri Ki te rann sa posib ke nou ka retounen nan fratènite Diven avèk Ou ankò atravè San inosan L ki te vèse, pou ke atravè pwopisyasyon San sa nou vin kounye a menm pitit gason ak pitit fi Bondye. Sa poko parèt ankò sa nou pral ye alafen, men nou konnen nou va tankou L, paske nou va wè L jan L ye a. E, Papa, sa sifi konplètman pou nou, osi lontan ke nou tankou L, kanpe nan fòm imaj Li.

3 Epi kounye a, Papa, nou pa vle nan moman sa konfòme nou ak bagay nan mond lan, men transfòme ak lespri nou k ap renouvle, pa Sentespri a, pou Li ka vini epi pran vi nou pou L ka pran swen I Li Menm, epi ka-ka kondwi nou epi gide nou pandan kantite tan nou rete sou tè a, epi pou mayifye gran Non Li.

4 Nou remèsye W pou tout bagay sa yo. E avèk espwa n ap tann vizit Ou aswè a alòske nou reyini kounye a, pou ap kwè ke Ou va rankontre nou jan W te pwomèt li a. Lan Non Jezikri. Amèn.

Pran plas ou chita.

5 Mwen kwè se David ki te di, "Mwen te kontan lè yo te di nou, lè yo te di m, 'Ann al lakay Seyè a.'" E nou gen anpil rekonesans vrèman poutèt nou isit la aswè a, epi santi ke se yon privilèj pou gen gwo opòtinite sa pou-pou nou isi a, ap pale avèk nou menm moun yo.

6 M ap anrejistre kèk bann. Kifè mwen jis ap gade dèyè a nan sal la pou wè si frè yo pare pou bann lan. Sa-sa pare kounye a, bann lan ap dewoule. Dakò. Rezon pou sa, mwen te pwomèt m t ap fè Mesaj soti, annik vini, anrejistre isit la nan tabènak la. Bon nou...

7 Mwen ta renmen di yon bagay konsènan maten an. Jodi a, touswit pase midi, pito, lè nou t ap fini reyinyon maten an, yon bagay te rive ke petèt kèk lan nou pa t la e nou pa t tandè pale de sa. Mwen t ap fini sèvis lan, e mwen t ap pale sou chè isit la, ap obsève yon frè ki te kanpe la ap bay moun yo lanmen, yon frè ki rele Frè Way, se konsa nou rele l isit a. Madanm li se yon enfimyè diplome.

8 Frè Way se youn nan sèvitè Bondye yo, epitou l ap travay ak moun, men li gen yon apèl sou kè li, depi dèzane, pou chan an nan travay misyonè. Li santi l kondwi pa Bondye ki ta mennen l isit la pou l tann pozisyon sa isit la jiskaske l va resevwa pi plis enstriksyon pou avanse nan chan an. Kèk jou de sa, m t ap pale avè l, pou te gen yon ti entèvyou avèk li ak madanm li.

9 E maten an, pandan m t ap konfese ke m te gen yon konplèks, mwen te refere a Frè Way tou ki gen yon konplèks, sa ki nòmal pami moun, e yon–yon moman apre sa, Frè Way te frape ak yon kriz kadyak e li te tonbe mouri sou planche a. Mwen te wè madanm li, e m te remake...Mwen konn retwouve m bò kot moun k ap mouri, e mwen–mwen pa oblije di–di sa.

10 Mwen renmen vante Jezikri ak pwisans Li. Men nan moman sa mwen panse nou pata dwe janm eseye vante Li nan okenn fason pou yon bagay ke Li–Li–Li pa t fè. Men mwen te wè Jezikri resisite mò, anpil fwa, enfayib, ak temwayaj doktè pou pwouve.

Pa egzanp, nan Connecticut jis sa pa fè lontan, nan yon reyinyon, te gen nan yon gwo, yon ansyen...yon jan de oditoryòm ki gen repitasyon, te gen Doktè Barton, yon doktè Kreyen sou estrad la avèk mwen, yon medsen. Te gen yon dam Kreyèn de byen ki gen gran renome, li te yon dam emab, an sante. Li te twouve l yon jan sou bò goch mwen. Mwen t ap rele liy priyè a, e mwen te remake dam lan jis bripsoukou...

11 Nenpòt moun lan, kan kè yo rete...Ou ka fèmen je w, men kan lanmò frape w, kan kè w rete, vrèman glòb je w tounen lanvè, e pati ki blan an nan je w la soti deyò. Mwen te remake sa pandan li t ap tonbe. E rapidman yo te rele medsen an, e li te kouri kote l pou pran pou li, e li te sekwe tèt li, li te mete men pa l nan men l, zòrèy li sou kè l. Li te pati ale. Li te tonbe sou planche a, e pitit fi l la te rele byen fò, sa te entèwonp reyinyon an. Mwen te kontinye, paske mwen pa t gen ankenn pawòl Seyè a pou dam lan. E mwen te kontinye.

12 Yo te di yon bagay konsènan al chache Frè Branham. E yo te di, "Nou pa vle deranje l nan liy priyè a, paske l ap fè disènman." E yo te di, "Al chache pi piti Branham lan," sa se te Billy. E Billy, konsyan ke se te apwopo yon dam ki mouri, li pa t vle...

13 Ou konnen, moun toujou sispèk kan se zafè moun mouri. Se–se–se jis yon sipèstisyon. Pa gen anyen la. Se paske, moun yo gen panse etranj. Paske, moun lan pa la, li menm; li deplase. Konsa li te pè pou–pou l te al bò kot dam lan, poutèt li te mouri an.

14 E apre sa imedyatman Sentespri a te pale avè m. Mwen te kite plas mwen, pou m te desann mach la, ale kote manzè te ye a. E jis pandan m te kòmanse kote l te ye a, Sentespri a te pale avè m; e mwen te di, “Mari!”

15 Li te reponn, “Wi, Frè Branham.” Li te vivan. Epi—epi li pa t janm wè nou anvan. E se te premyè fwa nan reyinyon an.

16 La nan Shawano jis sa pa fè lontan, o, m te ka di, nan dènye, apeprè, katran pase yo, oswa senk, mwen t ap pale yon swa kote k gen depo zam yo. Te gen yon gwo foul moun. Yon granmoun gason ki gen katreven lane, mwen kwè, ak madanm de byen li, yo te Literyen de konfesyon, y ap frekante gwo legliz Literyen fame sa la. Mwen bliye non an kounye a. Se pi gwo rasanbleman Literyen an Amerik, ou ka genyen, pou reyini manm legliz, yon sèl kou. E se yon peyi ekstraòdinè pou Literyen. E pandan m t ap pale, mwen te remake zanmi an, ak tèt li ki t ap tonbe pa dèyè *konsa*; epi men l yo te soti, e li te tonbe sou devan, mouri nan chèz la. E madanm li te kòmanse ap kriye, e li te kriye byen fò, “Ke yon moun ede m! Ede mwen!”

17 Mwen te gade. Mwen te di, “Tout moun rete senpleman nan plas nou, frankil.” Ou wè? Mwen te ret tann Seyè a pou l te ban m on pawòl. E—e mwen...Satan... mwen te sou pwen fè apèl a lotèl la, e se jis lè sa li te vle montre tèt li.

18 Kidonk èske w te janm remake lè w jis kòmanse yon apèl a lotèl, menm ti bebe va kòmanse kriye, ak bagay konsa? Se Satan. Ou menm ki esprityèl ou konprann.

19 Kifè Seyè a te ban m non li, e mwen te rele l, e li te retounen viv jis *konsa*.

20 E maten an lè m t ap vire, ou wè, epi m te wè, byen dè fwa, Seyè Jezi a te fè mò tounen. Ti bebe sa nan Mexique ki te mouri a nevè di maten sa, e se te ant dis e onzè diswa ke l te retounen viv. Epi—epi sa se yon temwayaj ki fèt ak bòn fwa ak doktè ki te temwen de sa, ou wè, ke ti bebe a te mouri nan biwo l a nevè di maten. M kwè se te nemomi. Ti bebe a ap viv jodi a, jiska prezan dapre sa m konnen. E sa se te devan, o, lala, trant, karant mil moun.

21 E apre sa maten an mwen te wè Frè Way pa nou an, pandan l te la, li te chita drèt la kounye a. Men pandan li t ap pwonmennen anndan *la kèkpa*, li te kanpe. E nou t ap chante, “Glwa, glwa, alelouya,” epi ap bay lanmen youn ak lòt. Mwen te remake l pandan sa te frape l, e tèt li te tonbe sou dèyè. Li menm, Frè Way, pa t montre ankenn siy tankou pèdi konesans oswa konpòte l konsa. Epi, li menm, mwen te wè l tonbe pa dèyè. Mwen te wè madanm li, ki se yon enfimyè diplome, pran pou li. Epi manzè te rele byen fò; se te fini.

22 Epi—epi apre sa mwen kwè se te Sè Nash, yon dam isit la, yon sè nwa ki ap frekante legliz la, gen ladan yo ki te kòmanse ap kouri al devan. Kounye a manzè li, Madam Way, t ap eseye

jwenn mwen pou fè m vini sot sou estrad la. Mwen te di, “Tout moun rete trankil, rete nan plas nou.” Piga nou janm vin eksite nan jan de moman sa yo. Ou wè? Se sa ke Satan vle fè. Jis ret tann pou wè sa L ap di. Si se yon moun ki pral nan Laglwa, ebyen, nou dwe pati pafwa, pa gen pi bon kote ke nan legliz, kifè–kifè la menm nan kay Seyè a. Kidonk lè sa...

Men nonm lan te retounen viv ankò. Mwen te panse petèt te gen yon bagay, li te pèdi konesans oswa yon bagay konsa te rive l, nan fason sa. Men kan m te gade, tèt li te vire nan direksyon sa a, pou ap gade pa anndan, anba yon pati nan je l, te soti deyò. Ou paka fèmen l, ou paka met je l nan kondisyon sa; se lè kè w rete sa fè sa. Mwen te travèse estrad sa, e li... Te gen yon moun, yon moun janti, ki te depoze yon... yon bagay pou tèt li te repoze. Epi te gen pye l, men l, ak tout bagay rèd. Sa te estope. Figi l te osi fonsè ke manto m nan, koulè wouj nwa, e je l te vire lanvè. E mwen konnen kisa ki kriz kadyak. Mwen konnen kisa sa fè e kijan sa ka chanje; nenpòt lòt moun ki te janm wè sa. Kidonk mwen te mete men m pou pran pou li, pa t gen ankenn pou tankou sa ye pou biwo sa. [Frè Branham frape sou chè an bwa a—Editè a.] Pa t gen anyen menm. Men madanm li, yon enfimyè diplome, ki te verifye pou li. Pa t gen ankenn pou la.

23 Alò, lòt jou pandan m te avèk Frè Way nan yon disènman anndan la, mwen te wè li te gen yon ti bwi nan kè l, de tout fason. Kidonk lè sa mwen te panse, “Men ni.” Konsa mwen te enpoze l lè men. Mwen te di, “Chè Bondye, mwen fè apèl, lan Non Jezikri, a nanm frè mwen, pou vi l ka retounen ankò.” E Seyè Jewova konnen, e Bib Li la devan m, mwen te santi tankou pou l te bat kat a senk fwa, rapidman, te ale, ap ponpe, ponpe, ponpe, ponpe, ponpe; e apre sa te kòmanse ap bat, ap aji, ponpe, ponpe, ponpe, ponpe.

24 E li t ap eseye louvri bouch li pou di m yon bagay. Ap eseye louvri bouch li, pou on jan ap degage gòj li, pou ap eseye di l. E li te fè pawòl la soti, “Frè Branham.” Apre sa sa ta sanble tankou li t ap retounen kouche ou yon bagay konsa, e mwen te ret tann jis yon moman ankò, mwen te tcheke pou l ankò; li t ap bat nòmalman. Epi la ankò mwen te gade, e li te gade m. Li te on jan, dapre sa m te wè, pa fin posede l; li pa t konnen ki kote l te ye, men kè l t ap bat nòmal. E Bondye te rele vi l tounen vin nan li ankò.

25 Kidonk mwen—mwen di sa an lonè Jezikri, Ki Se menm Bondye a, ke lè... Maten an mwen te preche pandan lontan, depase tan mwen anpil, epi fatigue epwize. Te ka gen de bagay posib. Swa li te fatigue, oswa lè m te pale de devlope yon konplèks la, pa jis pou—pou m te deranje frè mwen, jan nou te ka di l, paske mwen te gen... Mwen t ap konfese ke mwen te gen yon konplèks. E mwen kwè si m ta mande aswè a, nan oditwa moun yo, “Konbyen moun anndan la ki konnen ke l gen konplèks?” pratikman tout men t ap leve. Sa se pou w ka konnen, Frè Way, jis kite m montre w si se ak disènman ou pa. Konbyen moun ki konnen li gen yon

konplèks, leve men w. Gade la! Ou wè? Men mwen—mwen pa konnen si sa te chokan pou m te di Frè Way sa, si w pran l kòm si mwen t ap korije l oswa bagay konsa, la, pou l te retwouve l nan kondisyon sa a, epi pou Seyè Jezi a te mennen l tounen.

26 Bon mwen—mwen se...m panse menm Bondye ke gran Sen Pòl te reprezante nan tan pa l, lè li t ap preche byen long yon nwit, e yon nonm te tonbe e lavi te soti pati kite l; Pòl te etann li sou nonm lan, ak gras Bondye, li te di oditwa a, “Vi li toujou nan li.” Mwen—mwen panse sa pwouve nou, oswa si w pa t janm wè l anvan, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

27 E alò sa ta dwe petèt sa, ke mwen t ap eseye panse apremidi an. Ke, mwen te kanpe la, epi ak tout kè m pou m te di nou egzaktman Laverite, epi pale nou de konplèks pa m, pou te fè yon konfesyon piblik, paske...epi mande nou pou priye pou èt enteryè mwen te ka chanje parapò a moun yo, pou m ka fè menm jan ak Seyè a. Epi konfime ke L ap toujou voye m nan chan an, Li te kite sa rive pou montre ke Li toujou ap geri malad, en-en, ou wè, toujou ap resisite mò. E mwen panse ke se pa t lòt bagay ke yon konfimasyon sa mwen t ap preche a, pou m te ka temwaye de Wayòm Bondye a. E ke se yon bagay nan menm sans ak sa Li te fèk di Frè Roberson lan, yon lòt pami frè yo. Kifè nou renmen L poutèt sa.

28 Nou gen rekonesans aswè a poutèt Frè Way avèk nou aswè a. E se sèten ke Bondye poko fini ak frè nou an, osinon li t ap pati al fè wout li maten an. Gen yon bagay pou Frè Way fè. E mwen vle fè w konnen, Frè Way, ke legliz sa okonplè, avèk mwen, pral priye pou Bondye montre w plan L pou vi w ak vi madanm ou; e, osito sa vin materyalize, sa va plase w anndan la. Mwen sèten Li va fè sa, Frè Way. E nou tout, antan ke Kretyen, nou va gen rekonesans pou Frè Way. Èske se vre, legliz? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] E n ap priye ke li menm ak Sè Way va jwenn plas yo nan Seyè a, pou sèvis pa yo nan lavi.

29 Kounye a, tou, mwen te vle pale ak Frè Way. Mwen te vin bonè pou m te ka pale avè l epi jis dekouvri kisa atitud li ye, oswa sa k te rive. Li pa t konnen. Ou wè, sa te jis rive, e li te jis tonbe epi al fè wout li. Se tou.

Frè Way te vle mande si gen yon moun nan bilding lan ki ap desann al Arkansas, Madi oswa nenpòt lè w prale a, nan—nan reyinyon sa. Bon, se—se petèt yon reyinyon tou piti. Se yon fratènite k ap rankontre. E mwen panse y ap fè l nan yon jan de jeng, oswa yon lòt bagay konsa, jouk anwo a. E pwobableman p ap gen twòp moun, mwen—mwen kwè, nan reyinyon an, paske, onètman, yo pa menm konnen ankò si m ap vini. Ou wè? Kidonk zanmi m yo toupatou la, va ale pwobableman yon nwit oswa de nwit anvan yo konnen, menm zanmi m yo an Arkansas, ki konnen mwen anba la, ap nan reyinyon an. Men si on moun prale, epi li ta gen plas pou pran l avèk li, Frè Way t ap kontan fè sa. Li te di pou fè anons lan kòmkiwa li pa

t ap mete ankenn fado sou ankenn moun, pou ap pran swen l pandan l ap la, paske li ka fè sa. Men pou li menm, si yon moun prale, se t ap yon siy pou li ke Bondye t a renmen l oswa se t ap nan—se t ap nan volonte Bondye pou l desann ale. Kidonk nou tout nou konn Frè Way, ki la nan kwen an. E si nenpòt moun t a vle, moun k ap desann ale, e ki gen plas pou yon pasaje an plis, li t ap kontan fè sa.

30 Alò Dimanch swa pwochen, si Seyè a vle, mwen va—mwen va retounen, oswa Dimanch maten pwochen, pito. Epi—epi si Frè Neville gen lekòl di Dimanch, epi lè sa fini, mwen vle anrejistre yon lòt bann si m kapab. E si m pa twonpe m, mwen kwè m ap pale sou *Èske Vi Ou...Èske Vi Ou Diy Pou Levanjil?* Sa, sa se, oswa *Èske madanm Ou...Vi W Diy pou Levanjil?* Se sa mwen vle di. *Èske Vi W Diy Pou Levanjil?* E mwen vle anrejistre yon bann sou sa, si Seyè a vle.

31 E kounye a, aswè a, mwen te anonse jodi a ke mwen t a pral anrejistre yon bann. E pastè a, mwen pa kwè l te menm preche; li te jis rele m vini, pou te pale la sou estrad la. Bon, la mwen pa konnen...Kounye a, si y ap anrejistre bann yo, si w ta sanble fatige oswa yon bagay konsa, e ou vle soti, jis rete plis trankil posib, paske nou pa...Ou wè, mikwofòn sa—sa yo trè, trè sansib, e yo anrejistre tout ti bwi. E n ap fè, n ap eseye anrejistre bann sa yo pou yon ministè entènasyonal.

32 E aswè a mwen vle anonse sijè m lan antan ke...apre mwen—mwen va li Pawòl Bondye a, nou jwenn nan Levanjil Sen Matye, chapit 24. Levanjil la dapre Sen Matye, chapit 24, e annou kòmanse kounye a nan 32zyèm vèsè a pou li Lèzekriti.

Pran lesou sou pye figye a. Lè l kòmanse ap—ap boujonnen, kou l pouse fèy, nou konnen se sezon ete;

Menm jan an tou, lè n a wè tout bagay sa yo, konnen ke sa toupre, menm nan papòt la.

An Verite Mwen di nou: Jenerasyon sa a p ap pase, toutotan tout bagay sa yo pa rive.

Syèl la ak tè a va pase, men pawòl mwen p ap pase.

Men konsènan jou ak lè a pèsonn pa konnen l, non, pa menm anj nan syèl yo, men Papa sèlman.

Sa k te rive nan tan Noye a, se sa k ap rive tou lè vini Fis de lòm lan.

33 Kounye a nan lekti nou, nou jwenn aswè a, pandan n ap li la, ke premye pati chapit sa di ke disip yo te rele L apa sou mon an, montay la e yo te di L, “Kisa ki va siy lafen di mond lan? Kisa ki va siy Vini W Lan? E kilè va gen yon tan kote ke p ap gen yon wòch k ap rete youn sou lòt, nan tanp lan?” Bon Li te kontinye ap reponn. Gade la nan premye vèsè a.

Jezi te soti, pou ap elwaye l de tanp lan: e disip li yo te vin kote l...pou montre l bilding tanp lan.

E Jezi te di yo, fè atansyon pou nou pa ap gade tout bagay sa yo? an verite Mwen di nou, P ap rete la yon wòch sou lòt, ki p ap tonbe atè.

E disip li yo...E pandan li te chita sou mon an...(ekskize m)...pandan li te chita sou mon Olivye a, disip yo te vin kote l an prive, pou mande, Di nou, kilè bagay sa yo ap rive? e kisa ki va siy vini w, e siy fen mond lan?

34 Ou wè, yo te poze twa kesyon, e Li te reponn a twa kesyon. “Kilè va gen yon tan kote ke p ap gen yon wòch rete sou lòt? Kisa ki siy Vini W lan? E kisa ki va rive lè lafen di mond?” Ou wè, twa diferant kesyon. E Li te kòmanse reponn youn, konsènan kilè “wòch yo pa t ap rete youn sou lòt la.” E apre Li te fini kesyon sa, alò li te rekòmanse, “siy Vini Li an.” E apre pou antre nan, “fen mond lan.”

35 Kounye a nou remake la youn nan bagay ke mwen t a renmen pale sou li aswè a, se *Li—Limyè Kliyotan Wouj Siy Vini Li An*. E nou pral chita aswè a sou tan Noye a, “Se va menm bagay la nan tan vini Fis de lòm lan.” E mwen...sa te frape m lòt jou, e mwen te panse petèt mwen t a eseye anrejistre epi pale sou sa. E pandan mwen t ap note plizyè Ekriti la ke mwen t a renmen refere m, petèt, epi—epi li, on tikras.

36 Men koulye a, yo te poze Seyè Jezi nou an kesyon sa a, e Li te ba yo siy vini Li an. Apre sa imedyatman Li te di konsa, “Syèl la ak tè ap pase, men Pawòl mwen an p ap pase.” E answit, li di: “Aprann parabòl sou pye figye a. Lè l ap pouse branch li yo, ou konnen ke sezon lete a rive. Kidonk, lè w wè bagay sa yo ap rive, oswa ap manifeste, konnen ke lè a rive. Epi jenerasyon sa a p ap disparèt jiskaske tout bagay sa yo va rive.” Ki jenerasyon? Jenerasyon ki wè apostazi ke nou pral pale aswè a.

37 Kidonk lè nou panse ak tèks mwen an, kòm yon limyè kliyotan wouj Vini L lan, sa fè m sonje lè m t ap tann nan yon estasyon tren, lè yon nonm oswa moun yo kanpe toutotou a, menm jan anpil nan nou fè l la, lè n ap tann tren an. Epi nou pa ka tandè tren an, oswa wè li, men ou konnen se—lè a. Petèt ekspeditè a ka di, “Li yon—yon ti jan an reta. Li pa egzakteman alè, men nou jis pa konn ki lè, men li pral rive talè. Epi nou pral flannen nan estasyon an, ak men nou nan pòch nou, epi chita sou valiz nou yo, apre sa pou pral soti al achte yon sache

pistach, epi pale ak ... yon moun lòtbò lari a. Men, toudenkou nou wè yon bagay k ap pase. Gen yon bri k ap sot nan ray la. Epi lè n te tande l, ba a desann, e limyè wouj la kòmanse ap flache. Kisa sa ye? Tren an nan paraj la. Menmsi w pa ka tande l, menm si w pa ka wè l, men poutan limyè wouj sa a k ap flache a ak ba sa a ki desann montre ke l ap vini. Epi lè sa a si w vle pran tren sa a, ou ta fè mye jete sache pistach ou a, sispann pale, pran valiz ou, epi prepare oswa w ap ret dèyè, paske li jis kanpe nan espas la pou yon ti moman. Li pral ale. Si w toujou kanpe ap koze, ak vwazen lòt bò lari a, ou pral ret dèyè.

38 Ala sa pi plis, la, Lè nou wè yon siyal k'ap flache, ki di Li nan blòk la! Vye tren Levanjil la ap pase, nan yon batman je. E kòm n ap etidye aswè a sou kokenn tèks sa a, siyal k ap flache a, pandan Seyè nou an te chita sou mòn nan e L te di yo ke bagay sa yo t ap rive, "Jan l te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Vini Fis de Lòm nan."

39 Koulye a nou vle rekile, yon ti kras, epi wè si n ka jwenn yon bagay nan jou sa a ki sanble ak jou Noye yo. Epi lè sa a, nou ka di ki kote nou ye nan jou sa a ke Seyè nou an te pale a, wè si n ka jwenn kèk resanblans ak jou Noye yo. Pou fè sa, mwen kwè ke n ta dwe tounen nan Liv Jenèz la, nan epòk Noye yo. E si w pral ale avè m, si w vle, nan Ekriti a, tounen nan 6yèm chapit Jenèz la, ki se epòk inondasyon an, epi moral ak kondisyon yo nan jou sa a, Jenèz 6yèm chapit la. Koulye a, nou vle li, wè epi konpare jou sa a ak jodi a. remake. E sa te rive ke, lè lèzòm te kòmanse ap miltipliye sou sifas tè a,...

40 Premye mo a menm prezante nou yon limyè reyèlman k ap flache ke jou a rive, paske pa janm gen yon tan nan tout listwa a ki te janm gen pakèt moun, epi ki te miltipliye tèlman rapid, jan nou gen jodi a, jouk li vin difisil pou jwenn yon kote pou rete. Epi tèlman ke anpil moun ap miltipliye sou tè a, opwen ke la syans di, ke, "Si l kontinye ap miltipliye tankou l te ye a, nan ven lane p ap menm gen manje sou tè a pou moun yo." Mwen kwè ke se, Readers' digest ki te deklare sa, ke, "Pa menm gen manje pou moun, y ap miltipliye tèlman vit."

41 Nou ka gade toutotou pou nou wè kote ki te dezè yo te tounen vil, e poutan kontwòl nesans af fè pi gwo ravaj li te janm fè. Mwen kwè ke yo te di nan Chicago...Mwen espere ke mwen pa mal site chif sa yo. Men, anreyalite ka ki anrejistre yo, trant mil ka avòtman chak swasant jou, nan Chicago. Ka avòtman chak swasant jou, ki anrejistre! E sa ki pa janm anrejistre yo? Ou wè, jis nan yon gwo vil ke popilasyon an se kat milyon! E mond lan menm? E poutan popilasyon an tèlman anpil opwen ke yo pa menm ka okipe yo de...

42 Nan peyi Lend, y ap eseye vin...pou yo elimine pati imen nan lòm, epi fè yo vin esteril, pou ke timoun pa kab fèt, paske yo ap—yo si tèlman ap ogmante. Gen katsan swasanndis milyon, nan moman sa a, nan peyi Lend.

43 E Lachin menm, kote ogmantasyon an pi elve, Larisi ak anpil peyi nan mond lan? "Lè lèzòm kòmanse miltipliye sou sifas tè a." Ou wè? Koulye a, n ap retounen nan tan antedilivien an. ...epi yo te fè pitit fi yo, Epi pitit gason Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo bèl; epi yo pran yo pou madanm... tout sa ke yo te chwazi yo. Epi Seyè a te di: Lespri m p ap toujou nan lit ak lèzòm, paske li se toujou lachè : poutèt sa jou l yo —pral sanven lane. Epi te gen gwo jeyan nan peyi a nan epòk sa yo; e apre yo tou...Pitit gason Bondye yo te vini...jwen pitit fi lèzòm yo, e yo te fè pitit, epi yo menm nan te vin vanyan gason ki te nan tan lontan an,...ki te gen renome.

44 Ala yon sijè nou gen isit la! Ou wè? Kounye a, youn nan premye bagay mwen vle w remake, ke—pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo, te bèl. Koulye a, mwen pa... M ap adrese m ak tout mond lan. Men, pa janm te gen yon tan sou tè a, jan m ka panse l la, se sèlman tan sa a, ki te janm gen yon—yon si gwo valè bèlte nan mitan fanm yo.

45 Epi w ka sonje, kèk nan nou, dam aje yo, ak kèk nan mounmen, mesye yo, ki ka sonje kèk lane de sa, ki jan sa te ra pou jwenn yon bèl fanm. Men jodi a ou pa jwenn okenn lòt ke sa ki bèl. Se paske yo rive yon kote se sèlman ap koupe cheve yo kout, mete makijaj, ak —ak tout kalite rad sexy ak bagay sa yo. Yo ka prezante tèt yo nan yon tèl fason. Kidonk se, se yon lòt bagay, sa retounen jan l te ye anvan an, dapre ekriti a. E bèlte fanm yo ap ogmante san rete.

46 Mwen ka sonje lè mwen te yon ti gason ki lekòl, epi mwen vire gade timoun jodi yo, ti fi yo k ap vini. Apre sa, m ka gade, panse ak fanm lè m te yon jenn gason, epi gade ti jenn fi yo jodi a. M sonje te gen yon ti fi popilè, e sa pa t gen plis pase vennsenkan de sa, yon ti fi popilè, yon bèl ti fi, epi prèske anviwon tout ti gason te vle soti ak jenn fi sa a, paske li te larènn nan-nan. gwoup la. Petèt nan tout vil la nèt, ta gen de oswa twa nan medam sa yo. Koulye a yo tout nèt vin bèl, yo tout. Sa se pou akonpli ekriti a, ak yon limyè wouj k'ap flache ke tan an rive.

47 Yo te envante bagay tankou fa pou bouch ak—ak makijaj, pou yon fanm ki pa tèlman bèl, li ka toujou fè tèt li bèl ak—tout chiriji plastik nan figi ak —sa ke yo fè pou fè yo bèl.

48 Max Factor ap travay lajounen kou lannwit, epi gen plis depans pou pwodui kosmetik, nan Amerik la, nan yon ane, pou fè fanm yo bèl, pase depanse pou makèt. Se vre. Mwen bliye konbyen milya dola chak ane yo depanse pou pwodui kosmetik, pou fè fanm nou yo bèl.

49 Kounye a, m pap di anyen kont sa, m jis ap montre w ke se yon siyal limyè wouj ke lè a rive. Paske, Jezi te di Li menm: "Menm jan sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis de lòm nan ap vini." Ou wè, menm bagay la.

50 Epi remake, "Lè moun kòmanse miltipliye, anpil moun. Pitit fi lèzòm yo te bèl; Pitit Bondye yo gade yo, yo pran yo pou madanm." Koulye a, se pa pwòp pawòl mwen. M ap li l nan Bib la, kote Jezi te di nou pou nou tounen nan Jenèz epi konpare jou sa yo ansanm. Miltiplikasyon moun yo, ak bèlte fanm, ebyen sa se yon siy espektakilè.

51 Kounye a avètisman an, avètisman Jewova a, 3yèm vèsè a. Epi Seyè a di,...

52 Touswit apre sa te fèt... Sonje, Sentespri a te ekri Bib la, epi Jezi te gen pouvwa ak plenitid Sentespri a. Epi li te pale sèlman pa Lespri Sen an. Epi Sentespri a ekri ekriti yo. Epi Sila a menm ki te ekri Jenèz 6 la, te di nou nan Matye 24, pou n konnen lè tan an preske rive, retounen nan Jenèz 6 epi konpare l.

53 Miltiplikasyon moun sou tè a; e ankò kontwòl nesans la, ak tout bagay sa yo k ap dewoule a, pa menm verifeye sa. Sa ap kontinye pou bi bèl, paske nou nan fen tan an.

54 Apre sa remake, touswit gen yon moman ke l te di ke medam yo te trè bèl, trè bèl. Epi nou verifeye sa ak sa a e nou ka pwouve l.

55 Kounye a, m t ap gade kèk foto ki te la lontan sou zansèt nou yo, lè yo te travèse plenn yo. Epi m pa ka raple m— non dam nan, men non li te popilè soti San Francisco rive nan Boston, tankou se te fanm ki pi bèl nan peyi a. Pearl White, mwen kwè, se te non li, te gen plizyè lane de sa. Mennaj li te touye l, Scott Jackson. Men si w ta wè foto dam nan, ki te moun ki pi bèl nan peyi a, ou ta apèn voye je w sou li. Li ta gen lè yon antikite deyò a nan lari a. Prèske nenpòt fi ke w ta ka pran nenpòt fason w vle a, ta dwe twa fwa pi bèl pase l, nenpòt fi jodi a ke w ta rankontre jis k ap desann nan lari a. Ou wè, bèlte fi a, se yon ogmantasyon.

56 Apre sa m ap mande m si medam nou yo reyalize sa epi kab...Se pou rezon sa a m vle kasèt sa a soti, ke—ou pa dwe mete tout...Nou vle pou w bèl, men nou vle pou w natirèl. Nou pa vle pou w atifisyèl. Kèk nan bèl fanm sa yo, si w ta plonje yo nan yon basen yon ti moman epi lave yo, yo ta ka sanble yon ti kras diferan, epi-epi abiye yo tankou yo ta dwe abiye. Men, yo—yo—yo pa fè sa, epi ou pa ka di yo lekòtrè. E nou pral rive sou sa nan yon ti moman. Men sa a se-siyal limyè wouj.

57 Epi sonje, lè moun yo te kòmanse ap miltipliye sou tè a, epi medam yo te bèl, se te lè sa a, se te nan epòk sa a: ...Seyè a te di: Lespri M p ap toujou nan lit ak moun,... Ou wè priz la? Ou wè men Bondye? "Lespri Mwen!" Pitit fi lèzòm yo te bèl; epi yo pran yo pou madanm. Lè sa a, li di: "Lespri mwen p'ap toujou nan lit ak moun. Mwen pral limite jou l yo." Kounye a 4yèm vèsè a: Epi te gen jeyan sou tè a nan epòk sa yo; e apre sa,... pitit gason Bondye yo te

vini...jwenn pitit fi lèzòm, oswa—oswa pitit fi lèzòm, e yo te fè pitit—avèk yo, e yo menm yo te vin vanyan gason ki te nan tan lontan an,...te gen renome.

58 Èske w te remake li pa t janm di anyen sou maryaj? Remake, “Pitit gason Bondye yo te vin jwenn pitit fi lèzòm”, pa gen anyen konsènan maryaj. Men, si w pran nan lang orijinal la grèk, mo a ki vle di, gade non, m genyen l ekri yon kote, yon "madanm." "pran yo pou madanm yo," nan 3yèm vèsè a, "pran yo pou madanm yo." Nan lang grèk la, mwen gade l apremidi a, li pa t di, "Pran madanm pou yo." Li te di, "pran yo pou fanm yo," pa madanm yo. Koulye a, ou verifye l ak-avèk ... Emphatic Diaglott la , epi gade si sa a se pa vre.

59 “Yo pran yo pou fanm yo,” pa madanm yo. Yo te pran yo jis jan yo te ye a, renmen nan libètinaj, tankou nou genyen jodi a. Nan lòt mo, yo te amourèz nan jou sa a menm jan yo ye kounye a. Yo te ale nenpòt fason yo te vle a, e yo te pran nenpòt fanm ke yo te kapab.

60 “Epi lè pitit gason Bondye yo...” Kounye a, anpil nan yo di la a ke se te Zanj dechi yo, elatriye, e nonm ak fanm sa yo. Men, pou montre ke li fo, li absoliman fo, Bib la pa di okenn kote osijè de zanj yo ki se ni gason ni fanm. Epi, anplis de sa, pa janm gen yon—yon fanm ke yo pale de li tankou yon zanj, nan Bib la, janmè. Koulye a, si ou vle ekri pou sa, Matye 22:20, elatriye, ou ka jwenn li.

61 Kounye a, sa, sa, pa gen yon tèl bagay tankou yon anj fanm. Se rezon ki fè ke yon fanm predikatè...Anj se yon "mesaje." Epi li se yon—epi li se yon...Yon anj se yon “mesaje”. Epi pa gen yon tèl bagay. Men, ou wè, yo te chanje jodi a, tankou li te ye lè sa a. Koulye a, mwen te gen kèk pwèn istorik ke m te note la a, nou swete rive nan kèk minit.

62 Remake, fanm nan epòk sa a, nan epòk Noye a, sa te dwe sijè konvèzasyon pou jou sa. Gade, "pitit gason Bondye yo," Sèt, pitit gason Sèt yo, te wè ke pitit fi Kayen yo, ke yo te bèl. Se kisa? Yo te mechan, e yo te pitit fi Kayen. “Lè pitit gason Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo, ke yo te bèl, yo te pran yo pou fanm. Kidonk pitit gason Bondye yo te tonbe de estati yo ak Bondye, yo te tounen chasè fanm.” Men, si se pa imaj jodi a, mwen pa konnen se kisa. Se vre.

63 Mesye! Gade menm legliz nou yo jodi a, gade tout sa ke w dezire, remake sa. Toupatou, li sanble nan jou sa a, te dwe gen bèl fanm. Gason te vin esklav yo, istwa a di, ke gason te vin anreyalite esklav fanm yo, paske yo te tèlman bèl, yo vin esklav. Yo literalman te vin tanp, epi yo te adore yo. E, jis panse, yo te literalman adore chè ak san fanm nan jou sa a. Sa se listwa.

64 Epi konpare sa ak jodi a. Se menm bagay la, frè m. Gason yo adore fanm yo anreyalite. Poukisa, nan pwòp peyi nou an, Madanm Kennedy te de fwa pi konsidere, ke Prezidan an. Se vre. Epi si w toujou ap pale de yon nonm, si l gen yon bèl madanm, se pou sa.

65 Epi kounyeya yo di sa konsènan kondwi machine. Ou tandè yo di fanm yo se chofè ki pi sekirite. Sa pa vre, paske m pral di w poukisa. Billy avè m, nou t ap travèse Etazini, e nou te vle verifye sa noumenm, nou te mete yon—yon ti kat wout la nan machin nou an, yon ti kanè, epi nou te ekri "gason" epi "fanm". Epi chak fwa yon fanm fè sa k mal, nou mete yon mak sou kote l; si yon nonm te fè youn, nou te mete youn sou kote l'. Ebyen sou twasan, sa nou rele "erè," yo pran sou wout la, ou ta sezi. Te gen desan katreven fanm, pou disnèf gason. Men ou konn poukisa? Yo pa jwenn sa nan tribinal polis yo. Lapolis pap arete yon bèl fi; youn sou mil. Li...li pral pran nimewo telefòn fi a, men li pap arete l. Epi se jis fason sa a... Se pa etonan dosye yo pa montre l. Ou wè? Paske, gason yo jodi a se tankou sa te ye nan epòk Noye a, yo bese tèt devan chapèl bèl fanm yo. Dakò. Oh, lala!

66 Ala sa dwe te terib nan jou sa a, pou ap adore fanm yo, jan yo ye a, ap flache nan yon tèt atirans konsa. Men, si yo te pi bon nan fè sa lè sa a, ke jan yo fè l kounye a, mwen byen kontan ke m pa t viv lè sa a. Reflech sou sa, ki jan yo sèlman ... ki jan ke fanm te rive aji menm jan y ap fè kounye a.

67 Remake, Bib la te di, "Yo manje epi yo te bwè." Koulye a, sa a se-se lejitim. sèten. "Maryaj onorab." Yon gason, yon gason marye ak yon fanm, sa se onorab, sa a se Bondye ki te fonde l. Men, lè li rive nan yon tan ke nonm sa a pral pran madanm yon lòt gason, oswa pran yon jèn fanm, oswa kèk fanm kèlkeswa ki moun li ye a, epi brize ve maryaj li, epi fè yon bagay ki mal, se peche devan Bondye. Epi Bib la pale trè sevè kont sa.

68 Kounye a remake, Sa te di ke maryaj, Bondye te etabli sa nan Edenn, men Li sètènman kondane adiltè. Epi nan jou sa a, gason ak fi sa yo, yo pa t fè ka de lwa Bondye yo, yo te pran l sou responsabilite yo pou yo te fè l, nenpòt kòman. Koulye a, konpare sa ak jodi a. Gade l. Si ou vle konn si tren an nan blòk la, pran san w pou reflechi a sa kounye a, alòs ke Jezi Kris enfayib la te di Pawòl sa yo. Ou wè?

69 Epi remake, Bib la te di isit la, "Yo manje epi yo bwè," se sèten, ak bèl fi yo a. Bon nou reyalize ke sa a se kòrèk. Manje ak bwè, se youn nan lwa natirèl lavi a. Nou dwe fè sa. Men, lè se tout sa ki nan panse w, jodi a moun jis vin gouman, tafyatè, fanm ap bwè nan restoran. Epi ou ale nan yon plas kote yo sèvi gwo boul yo ak koktèl yo, fanm yo bwè pi plis ke gason yo.

70 Jezi te di: “Menm jan sa te ye nan epòk Noye a, yo t ap manje, yo t ap bwè, yo t ap viv an koup.” Nan yon lòt mo, yo t ap viv ak fanm yo san yo pa marye ak yo. E jodi a, enben, sa tèlman etabli. Yo te gen yon Repitasyon, ke w te ka marye, epi divòse epi marye ankò, tou sa nan menm jou a. Men sa se yon fason demode kounye a. Mari yo, swadizan, ak madanm yo, pran diferan kle nan chanm yo nan gwo vil sa yo. Koulye a, mwen vwayaje. Mwen—mwen nan vil sa yo menm epi m konnen se vre, ke mari a gen rendezvou li, e madanm nan gen redevou pa l. O, se tèlman yon melanj de—de pouriti, jouk sa pwodwi yon bann moun ki vin de yon jenerasyon mou, parese, malisyè, destine pou lanfè.

71 Sa gen kèk lane, gade kote lòm rive, nan fizik li. Gade kote li te rive, ak bagay ke l te fè yo. Lasyans toujou ap eseye fè yon pi bon manje, mayi ibrid, ak-ak tomat ibrid, vyann bèf ibrid, alòs ke bagay la pa bon ditou. Yap touye moun yo, epi yo pa reyalize sa. Se kisa, nan kèk ane ankò, yo pa pral anyen lòt ke jis tankou yon-yon bann lagratèl.

72 Sa gen senkant lane, jwèt boul yo te konn fèt menm jan yo fè l kounye a, epi w pa janm tandè ke pèsonn te blese, men kounye a yo touye yon douzèn, oswa de, nan yon ane. Yon boul pral frape yon nonm, li, pa gen anyen nan li ki kenbe lavi l nan li. Li tankou yon kochondenn. Ou frape l, li tèlman mou, li mouri.

73 Lè Bob Fitzsimmons te goumen kont Corbett, mwen kwè ke yo te goumen pandan sanvennsenk wonn, yon apremidi, san gan. Mesye sa yo ak pwisans frap yo te kab pran yon de-pa-kat, de pous epè, pou yo kase de-pa-kat sa ak anyen lòt ke pwen rès sa yo. Yo te dòmi ak men yo nan vinèg, pou fè pwen yo di. Epi yon-yon wonn pa t 'yon ti wonn de de oubyen twa minit tankou nou genyen jodi a. Yo pa t 'gen gan ranboure ak plim, epi pèsonn pa t mouri. Epi yo te goumen. Yon wonn se te yon K O. Ou te oblije K O nonm lan. E yo te batay jiska sanvennsenk K O. Yo te gason tout bon. Epi jodi a yo pral oblije sispann fason yo bokse la, poutèt se avèk pwotèj bra ak pwotèj pwen, e yo pa ka goumen de oswa twa wonn san youn pa touye lòt. Kisa k pwoblèm nan? Mwen pa konnen, yo dwe fèt ak dlo labou, bagay kèlkonk hybrid, jiskaske tout jenerasyon an an antye ap mouri.

74 Èske Bib la pa t di sa, ke yo t ap vin pi fèb ak pi malen? Enben, nan yon lòt jenerasyon moun k ap vini yo, yo va viv ak yon grenn pilil, yo va pran yon grenn pilil pou dine yo. Yo pa lòt bagay ke yon bann moun k ap fimen sigarèt, k ap bwè wiski, k ap kage kòktèl, on bann dwoge, k ap pike kò yo. Timoun tinedjè lekòl, epi jenn delenkan; se pa etonan, manman l deyò nan lari a, ap aji jan l ap fè a, pou lage timoun lan nan menm bagay la.

75 Kantite bèl fanm ki genyen ogmante; lavi sosyal efondre. Olala, ala yon gwo bagay se epòk n ap viv la! Ki jan yo fè sa, li pa-... rive fè sa pase. Y'ap peye pou sa. Kisa y'ap fe? Jis jan yo te fè nan tan sa a, y ap fè kòmandman Bondye yo tounen mokri. Bondye te di, "Piga ou fè adiltè." Men, yo montre ke yo ka fè li, epi ale avèk li. Yo panse ke yo pa p peye pou sa, men sa pa p pase konsa. Petèt ou pa ta dwe vini, koute sa a. Hen? Sepandan, Bondye te di ke sa ta dwe tan kote limyè wouj la ta pral flache. Jezi te di sa.

76 Kounye a, ala yon-yon peche y ap komèt, e y ap ri nan peche yo! Anpil fwa, sa, bagay sa a ke Bib sa a rele imoral, mond lan jodi a rele vèti. Lè ou pran jenn fi nou yo, epi retire rad sou yo, epi mete yo deyò ak ti bout pantalon sou yo, ak kolan epi bagay sa yo, epi fè yo mache nan lari a, epi yo panse se vètye pou tifi a montre kò li. Lè, Bib la di se peche, terib! Men, mond lan rele li vèti. Gade, y ap fè a Kòmandman Bondye yo...Epi legliz pa di anyen sou sa. Se tan ke yon moun leve nan non jistis, nan Non Jezikri, epi mete yon so sou sa, paske yon lè nou pral reponn pou li nan Jou Jijman an.

77 Kounye a, si sa sonnen vye epi etranj, pou yon moun, tcheke tounen kèk lane pase epi gade sa k ap pase kounye a, ak kounye a, answit imagine yon avni. La pa gen avni sof Vini Senyè a.

78 Remake, tcheke fi nan epòk avan delij la avèk tandans jodi a; tcheke sa yo te ye. Tcheke sa pitit gason Bondye yo te fè; tcheke sa yo fè jodi a.

79 Mwen t ap patisipe nan yon kongrè pa gen lontan, e sa si tèlman te fè m mal, lè tout ...Tout moun te sanble jis ap koute diskou minis la, ki te kanpe sou platfòm la. Epi mwen te chita nan yon kwen. Epi te gen yon—yon jèn dam antre, epi li te vrèman abiye mal. Apre sa, li kòmanse mache nan legliz sa, jan Bib la di a, ap dehanche pandan li t ap ale. E chak predikatè sou platfòm la, plis asanble a, tout moun vire tèt yo gade, ap swiv ti fi sa a. Apre sa, mwen te panse a Ekriti sa a, "Pitit gason yo Bondye te gade pitit fi lèzòm yo," pechè, mechan, bèl fanm. O, li te kraze anpil legliz an miyèt moso. Li te fè Lespri Bondye a soti ale . Remake, "Te gade pitit fi lèzòm yo".

80 Kounye a, sonje, Jezi Kris enfayib la te deklare se bagay yo va ye nan jou sa a. Epi li te di: "Lè w ap wè

bagay sa yo rive, lè sa w va konnen ke lè a rive nan pòt la." Kounye a, pa gen anpil moun ki pral di sa. Gen anpil predikatè ki pa ka di sa. Li ta kapab, si l te vle. Men, si li ta fè sa, asanble a t ap mete l deyò. Sa a se egzaktaman laverite.

81 Men tande yon bagay. Si Bondye rele yon moun, I ap rete avèk sa Bib la, mwen pa bezwen konnen sa li dwe fè. Ou dwe sonje ke Se Verite a. Epi Verite a swa mare oswa libere. E se egzakteman sa Jezikris te di.

82 "Pitit gason Bondye yo te tonbe poutèt bèl fòm ak figi yo, nan pitit fi lèzòm yo." Epi se jis egzakteman sa ke nou genyen jodi a, menm bagay la ankò.

83 Kounye a, konpare jou sa a. miltiplikasyon moun; fanm yo vin pi bèl; pitit Bondye yo tonbe; maryaj epi bay an maryaj; ka divòs; vi adiltè; elatriye.

84 "Poukisa" ou di, "Frè Branham, jis yon minit. M pa konnen."

Koute, frè, jis anvan ou di yon bagay, koute sa. Jezi

Kris te di: "Nenpòt moun ki gade yon fi ak anvi,

li deja komèt adiltè avè I nan kè li." E lè ou

wè...Lè yon nonm soti nan biwo li a, lè li soti nan legliz la, soti lakay li, rive nan lari a, kisa ou wè apa yon ekspozisyon, sou chak bò, ke chè ak san fi, bèl fòm, bèl figi, tantan. Se sa Bondye te di ki t ap fèt. Lè sa pran

plas, Lè sa a, lè a te nan pòt la.

"Kòm sa te ye nan epòk Noye a, lè pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo, epi kòmanse pran ladan yo pou madanm." Ou wè? Men li tou.

85 Kounye a gade. Nou jwenn sa, menm bagay la jodi a. Nou wè sa nan listwa, ke tankou pouvwa sediksyon yo te genyen nan yo, jis kote pitit gason Bondye yo

te fè pou tèt yo tanp ranpli ak fanm. Sa soti nan Venis, elatriye. Ou wè? Yo, yo te fè tanp, epi yo bese tèt devan yo. Oke, ou di: "Frè Branham, nou pa gen bagay konsa jodi a. Ou pa kapab menm konpare sa ak jounen jodi a." Mwen mande w padon. Mwen kwè se pi mal jodi a pase nan epòk sa.

86 Kisa nou wè? televizyon. Ou pa ka menm ranmase yon jounal san ke I pa gaye ak fi. Joli fanm sou chak

pakè wiski, nan magazin, seksi, abiyman imoral. Nan televizyon, nan tout bagay, se kèk fanm abiye seksi, kèk bèl fanm. E w menm jwenn sou-sou piblisite sigarèt, tout sa ke w kapab gade, ou jwenn se kèk fanm atirant. Ou pa menm ka wè reklam sou yon pè ba an swa san ke w pa wè kèk janm mens, k ap antre ladan I. E se kòrèk. Men, kisa li ye? Pouki se konsa?

87 Mwen sonje yon nonm mwen te travay pou li, Chris Meisner, isit la nan kwen lari a. Anpil nan nou sonje Chris Meisner. Madanm li, Lillian, Non li se te Lily, mwen panse, yon Ellwanger. Epi lè li...Yon nonm vini kote l. Li te yon bèl ti fi. Epi yon nonm te vle jwenn pèmisyon nan men papa l, pou mete figi l', foto li, pwofil li, sou yon bwat sirèt. Epi, ansyen Alman Literyen sa a te leve kanpe, li te di: "Sa se yon ensilt pou mwen, mete foto pitit fi mwen an sou yon bwat sirèt, pou simaye nan tout peyi a." E jodia? Kote pano piblisite yo, televizyon, tout sa w wè, imoral, vilgè, seksy, bagay enpi. Se vre. Kisa sa ye? Tren an, ansyen—ansyen tren an rive nan estasyon l kounye a. Bib la te di konsa, l ap vini trè byento. Nou tandè son an.

88 Nou pale de lòt bagay sou li, men, sonje, sa se yon lòt flash, youn nan flash k ap flache devan nou jodi a. O, nou wè kondisyon nasyonal yo; nou wè twoub politik yo; nou wè la sitiyasyon legliz la. Nou preche sou tout sa. Men, sa a se yon bagay nouvo. Se yon bagay ki pa trè popilè yo pale sou li, men li dwe fèt, paske gen yon vwa k ap rele. Sonje byen, pawòl mwen di yo aswè a pral rankontre m laba a nan Jijman an. Ou wè?

89 Lè mwen te wè fanm sa a pa gen lontan, nan yon vizyon Seyè a te fè mwen wè l' mouri. Mwen pa janm ka panse a non fanm sa a, li, Marilyn Monroe. E mwen pa t janm wè l' avan sa. Mwen pa ale nan sinema. Men

Mwen—mwen—mwen te wè ti fi a, epi li te atirant. Epi li t ap eseye pran yon bagay; li t ap mouri, li te fè yon atak kè. Epi Senyè a te di: "Kounye a, di sa, 'Li jis mouri vè katrè. Li pa t komèt swisid.'" Li di, "Men, ou ka di li te mouri a katrè, paske se jis kèk segonn anvan katrè." Epi mwen wè kote yo te jwenn li. Epi Mwen te di Billy, mwen te di fanmi an, moun ki te avè m yo, sou sa. Epi kèk jou apre, se Marilyn Monroe ki te mouri.

90 Kounye a, lè m te Kanada lòt jou a, pitit mwen yo te kontinye di m, laba nan yon plas kote yon dam te kite nou rete nan kay la, te genyen yon televizyon. Donk yo te di, "Pral gen yon pyès teyat, yo rele,

Rivyè ki pa gen retounen an." Sa se rivyè kote m al peche tout tan. Ak Don Smith, yon zanmi m, fè vwayaj sa a. Yo te di, "Yo te fè yon fim sou li." Epi yo te di, "Papi, petèt mesye Smith nan pwogram la. Ou ta renmen gade li?"

"Oke," mwen te di, "lè m tounen soti nan Kanada, si mwen rive atan, mwen pral gade li." Oke, lè pyès teyat la te vini, mwen te al gade l. Men, lè mwen te fè sa, ki moun ki te jwe ladan se te Marilyn

Monroe. Kounye a, li te la, apre li te mouri yon lane oswa plis, li te la ak abiyman seksyèl. Te gen vwa li sou, ki toujou ap jwe; e k pral kontinye ane apre ane, sou kasèt mayetik sa a. Si band mayetik kenbe aksyon li, e si li te kapab gade kote li ye aswè a... mwen kwè li sove, men mwen pa konnen; sa se koze Bondye. Men, si li te kapab tounen gade, li pa ka nye sa. Li pa ka refize sa a, paske nou genyen li. Konbyen plis Bondye posede chak mouvman, chak aksyon, sou gwo kasèt siprèm, ki pral... Nou pa kab pase ak sa. Li dirèk laba a.

91 Epi sonje, si te gen yon mikwofòn plase isit la kote sa ye a, epi mwen t ap difize kounye a nan mond lan, moun ki alantou nan monn la t ap tande vwa mwen anvan menm li ta rive jwenn ou. Sa a se nan mond elektwonik la.

92 Epi w konnen, vwa sa a pa janm mouri. Li pap janm mouri. Lasyans deklare, "Nan ven lane," si yo ka pwogrese jan yo fè kounye a, "Ke yo pral pran aktyèl vwa Jezikris lè li te sou tè a, nan ven

lane soti kounye a." Paske, se tankou w jete yon ti wòch nan yon letan, la ti vag yo ka finalman disparèt nan je ou, men lasyans deklare yo ale tounen de yon rivaj, atravè oseyan an a yon lòt, fè ale retou,

epi yo pa janm mouri. Tou kòm pawòl ou di yo non plis; yo pral rankontre w nan Jou Jijman an, epi yo pral kondane w oswa sove w, e w pa p janm kapab elwanye w de okenn pami yo.

93 Epi nou trè konsyan, I ap avanse nan pyès sa a

kounye a, I ap fotografye moun yo. Si w pa kwè sa, limen televizyon an. Epi gen vwa moun, men sans nou pa kapab kapte yo.

94 Kounye a, yo gen yon estasyon ak yon poto leman, oswa yon tib,

oswa yon kristal k ap ranmase vwa sa yo epi repwodui yo. E kounye a Sèl bagay Bib la ye, se sa, Pawòl Jezikris la ke I te deklare, epi yo literalman vivan jis tankou nenpòt lòt pawòl ki nan mond la aswè a.

95 Kounye a, si san Jezikris te pirifye kè w,

epi li vin yon asanblaj k ap resevwa de Asanblaj ki te voye a, Li se Menm yè, jodi a, ak pou tout tan, epi L fè menm bagay Li te fè yo, paske Pawòl Li yo pa ka mouri. Y ap viv pou tout tan. Yo pa oblije ranmase yon seri, oswa ven lane soti kounye a. Nou resevwa Li byen

kounye a. Kounye a, se sa li ye.

96 N ap viv nan gwo jou sa a ke n ap viv la, toupre vini

Pitit lòm la, ak limyè yo k ap flache toupato, pou Vini li. Nou wè li nan politik; nou wè li nan legliz la; nou wè li nan tan an; nou wè li tout kote nou gade. Nou wè solèy la pa parèt menm jan ak anvan.

Mond lan pa an eta demach ankò. Yo di m kounye a, nan Pol Nò, anlè byen lwen, ke lanmè a te vin, mwen bliye konbyen, pi fon ke jan l te ye anvan. Detwa Bering la, ou te kapab mache atravè yo. Kounye a, se

anpil, anpil, anpil pye pwofondè, nan Detwa Bering. Poukisa? Tè a ap anfle nan mitan an. Li vin sipèfisyèl isit la kote li te fon, epi li apwofondi isit la kote li te sipèfisyèl. Mond lan an pann. L ap rapetise. L ap melanje. Tout lanati ap depafini, ak tout sa nou ka wè yo.

97 Epi kounyeya, aswè a, nou dekouvri menm nati ap pwodui, nan ras imèn an, siy Vini Li a; paske, pitit gason Bondye yo, ak pitit fi lèzòm yo vin bèl, ak kijan y ap pran pou yo madanm. Ala yon tan n ap viv! Olala, ak kijan

sa te nan epòk sa a!

98 Answit nou wè nan listwa gwo bagay chokan sa a, gason yo adore fi yo, epi nou dekouvri jodi a se yon mond fanm.

99 Mwen te an Swis, pa gen trò lontan, e mwen t ap pale ak... Kounye a, se pa kont medam kretyèn nou yo, non mesye, yo se jwayo. M ap pale de kous mond la. Te gen yon dam ki te ansanm ak mwen, epi Frè Guggenbuhl, ak menaj li ki te akonpanye l.

Li se yon gason de—apeprè laj mwen, li pa janm marye, yon vye selibatè, epi li te ale ak kèk jèn dam. Aprè sa, youn nan ti fi ki te la yo, epi manzè te di, "Frè Branham, pale nou de Lamerik. Nou konprann sa, medam laba yo, se yon mond fi laba, pa vre."

Mwen te di, "Se vre."

Li te di, "Mwen te toujou vle ale."

Lè sa a, mwen kòmanse eksplike li. Li di: "Kisa?" Mwen te di, "Wi." Li chanje opinyon l touswit.

"Oke," li te di, "ki jan w ka viv yon lavi kretyen nan yon kote konsa, alò?" Panse a sa.

100 Lè mwen te antre nan—Wòm, epi mwen te desann bò San Angelo a, katakonb yo, se te chokan. Lè mwen te soti nan otèl mwen an epi m te desann nan plas ki rele, "Twa pyès monnen nan yon Fontèn," fanm yo nan lari a, nan ki fason imoral. Medam yo soti epi mande w pou soti avèk yo an tèt a tèt, tout jan, gwosè, ak kalite. Epi mwen bliye konbyen ladan yo ki vin jwenn Billy ak mwen menm ak Frè Baxter, anvan nou te kapab desann nan pisin lan, ak nonm ki soti nan TWA a ki te

montre nou alantou yo . Mwen te di: "Èske medam sa yo oblije viv konsa?"

101 Li te di, "Non. Lè sòlda yo te la, yo fin abitye fè sa.

E, kidonk, yo te jwenn yon bon travay, alò yo kontinye fè sa.

Malgre nan yon kote konsa, lè mwen te rive nan plas la nan San Angelo, gwo gwo siy la, soti nan Vatikan an, ki te di, "Yon avi pou Fanm Amerikèn! Tanpri mete rad sou ou anvan ou antre epi onore mò yo."

102 Mwen te wè yon ti fi Amerikèn pase etan Pari, kote se, aktyèlman, youn nan mòd nou yo te konn soti a Pari. Men, ti fi sa a te tèlman abiye imoral, ak papa l ak manman l, jiskaske sòlda ki t ap travay la deyò a lage pik ak pèl yo, epi yo kouri moute pou yo gade sèn nan, y ap gade ti fi Amerikèn sa a pase.

103 Se nou ki bay tandans alamòd. Avan se te konn Pari, men kounye a yo vini isit la pou ramase vilgarite, malpwòpte, bagay vil. Epi nasyon sa a, kote yon renesans fèk sot pase, ak batèm Sentespri a, ak

bèl Senyè Jezi a ki montre siy Li yo ak mèvèy Li yo ak mizèrikòd, ak deklarasyon tankou nan epòk Noye a, ak limyè yo k'ap klere tout kote. Yon Bondye ki ka leve yon mò sou kabann li; yon Bondye ki ka geri malad yo; yon Bondye ki ka pwofetize bagay anvan yo rive, epi reyalize l pwen pa pwen, chak fwa, san li pa fayi. Men w

ka preche fanm nou yo nan Lamerik, epi yo vin pi mal chak ane. Bombay, mwen vle di...

104 Nan Durban, Lafrik di sid, kote te gen anviwon desan mil otoktòn ki te rasanble soti nan reyinyon an, lè Bondye te fè gwo mirak la. Aprè sa, mwen te wè trant mil otoktòn. Fanm yo te kanpe la ak mak klou kat pous sou po yo, sèlman nan panche devan. Epi mesye yo, pa gen okenn rad sou, ak mak klou kat pous la. Toutouni! Yon dra ke yo itilize pou dòmi, yon po kabrit; ke yo ba yo, lè yo gen yon sèten laj; epi yo viv ladan l, dòmi ladan la, vlope ladan l, epi mouri epi antere ladan l, nan yon koral kèk kote.

105 Apre sa, mwen te wè fanm sa yo, tèlman primitif, jiskaske yon fanm akouche yon ti bebe, ven pye pi lwen m. Li pa janm ale nan yon lopital. Yo, yon fanm te ede l yon minit, epi nan apeprè senk minit tout bagay te fini. Li pran ti bebe a epi li kenbe l sou sen l, pou l kapab swanye l. Sa primitif! Men, lè yo wè pouvwa Toupisan

Bondye a vin sou yon ti gason ki te tèlman aflije, e ki pa menm nan bon lespri l; epi li leve ak tout lespri l, l ap fè lwanj Bondye; trant mil otoktòn te resevwa Jezikris kòm Sovè pèsònèl yo. Kisa ki pase? Ou sonje, sa a dis fwa pi gwo pase Lapannkòt. Trant mil! E pèsonn...

Mwen te gade fanm sa yo ak pwòp je mwen, lè yo tonbe sou jenou yo atè a, kraze zidòl yo, bay lavi yo a Jezikris. Yo pa t konnen; Petèt ke yo pa t janm tande Non l, anpil nan yo. Men, lè yo tonbe ajenou—yo, e mwen mande yo si yo te sensè, si yo te panse l tout bon, lè yo kraze zidòl yo. Epi yo kraze zidòl yo. Epi lè yo te tonbe ajenou epi bay lavi yo a Kris, pandan m ap priye pou yo, epi yo leve. Epi fanm sa yo ki te kapab kanpe ak bra yo bese, san yo pa konnen yo te toutouni;

osito ke Lavi Kris la te touche lavi yo, mwen te wè fanm sa yo pliye bra yo epi mache soti nan prezans gason yo. Donk si prezans Jezikris ka fè sa ak yon otoktòn, kisa li ta dwe fè ak yon nasyon ki t ap tande Levanjil la pandan plizyè santèn ane? kounye a nou... mwen te wè sa. Se pa sa yon lòt moun te di. Mwen te wè sa. Ou wè? Li etranj ke nou rele tèt nou kretyen, epi chak ane

nou retire plis rad. E legliz yo sanble pa okipe yo de sa.

106 Pwogram televizyon, o, fè chè ak san fi... Yo pa

bondye. Yo pa deyès. Men, li mete Lamerik nan egzakteman nan pozisyon pou akonpli Ekriti yo. Nimewo Lamerik la se trèz. Tanp Lamerik la se

yon fanm, depi toujou. Li sou lajan nou. Li sou tout bagay. Epi kounyeya li sètènman rive nan yon tan ke nou pral gen deyès Amerikèn tou, nan pa twò lontan. Ou ka wè men k ap ekri a sou miray la.

107 O, kisa nou pral fè? Ou pa ka menm mache soti nan

lari epi jwenn... Gade deyò nan lari a, kòmanse desann vil la epi jis wè ekspozisyon fanm yo, ki jan yo fè tèt yo ak radmsou yo, Bondye temwe, yon fanm ta dwe wont kanpe nan yon chanm abiye konsa. Mache soti nan lari a, tèlman sere, ak-

ak ti rad sou li. Epi-epi soti sou plaj yo benyen ak

ti 'kini sa yo, oubyen pe enpòt jan yo rele li a, ak lòt bagay sa yo. E yo pa konnen ke yo gen yon lespri nan yo ki movè. Kote gen anpil nan yo ki chante nan koral. Se sa Jezi te di ki t ap fèt.

108 Kò fil! Yo fèt ak chè epi san. Yo pa deyès. Nan opinyon pa m...Bondye padonnen m si di mal. Li se yon vant an gwo estriptiz. Ou ka difisilman blame yon nonm, si li pa yon—yon kretyen, pou li pa ta tonbe, epi tonbe nan tantasyon ak yon kote ke l ta fè yon bagay mal, jiskaske li, wè, li pa t kapab kenbe tèt li. Li etonan

ke pa gen plis atanta ke sa, paske, anpil pami yo,

fanm yo fè sa pou rezon sa. Men, si se pa t sa, kijan w ta ka blame nonm lan? Mete blam nan kote ki merite l.

109 Yon fanm di: "Kounye a, Frè Branham, mwen osi moral ke..."

Pa gen dout sou sa.

Men, sè mwen, èske w konnen ou pral reponn nan

Jou Jijman paske w komèt adiltè lè ou pote tèt ou

deyò epi kite gason admire w ? Li te di: "Nenpòt moun ki gade yon fanm ak anvi, deja komèt adiltè avè l nan

kè l, epi li pral gen pou reponn pou sa." E petèt ou pa t fè ak la, men si w pèmèt Satan mete lespri sa a nan ou, kote nati a li menm ta dwe anseye w sa ki mal! San Lespri Bondye a, lanati ta dwe fè li, anseye w sa ki mal.

110 Mwen predi ke talè yo pral soti ak youn nan bagay sa yo, li pral jis vin yon fèy fig frans ankò. Mwen te predi sa trant lane pase. Ou wè, yon insilt de Bib la. Ou wè? Yo pral fè li. Se estriptiz piblik.

111 Kounye a, dyab la fè menm bagay la ak pitit Bondye yo jodi a. E se vre. Gade biznis nou yo. Pifò nan biznis nou yo kontwole pa fanm, anpil nan yo. Se vre. Gade nan legliz nou yo, gade nan nasyon nou an, ki jan pitit Bondye yo bese tèt anba nan tanp bagay sa yo, fanm sa yo. Alòske, sa yo ye, dapre mwen, se pa plis ke jennès piblik. Sa se yon bagay terib pou di, men se verite a kri. Mwen konnen ke moun tande kasèt sa yo ak bagay sa yo, pral di bagay sa yo. Men ki jan ou ka fè li? Si ou prezante tèt ou konsa, epi gason ap gade ou, kòm Jezi te di ou "komèt adiltè" avè l. E lè nonm sa a gen pou l reponn poutèt li te fè adiltè, ki moun ki te fè sa, ki moun ki koupab? Se fanm nan ki dezabiye tèt li konsa epi ki pwodui tèt li, oswa ki prezante tèt li devan pechè sa a. Se vre. Ki siy lan? Tan lafen an, limyè wouj la.

112 Matènite kraze. Nasyon yo ap kraze. Kounye a si w vle wè kote Jezi te di sa, li Matye 5:28. Se la li te ye. Lavi fanm kòze epi fòm lachit, sou baz sa, pouvwa seksyèl te ruine. Si ou vle remonte tan an, men kèk nasyon ke mwen retrace chit yo. Youn se te Ejipt, Lasiri, Wòm, ak kisa anplis, te tonbe anba pouvwa fanm yo.

113 Remake, pa gen anyen ke Bondye ta ka bay yon nonm, andeyò sali, ki pi bon pase yon bèl madanm. Pa gen moun ki ka konsole, pa—pa gen moun ki ka konsole yon moun lè yo fatige, yo p ap konfye yo nan pèsonn tankou yo fè ak pwòp madanm yo. E ala kontan nou kontan, frè m yo, lè nou gen yon bèl ti madanm ki pwòp, ki dwat, ki moral, epi nou ka antre lè nou fatige ak bouke, epi li chita pou l ka pale avèk nou. Li ka fè plis avèk ou pase nenpòt lòt moun. Se vre. Li se yon bijou. Li se yon larenn.

114 Men sonje, "Fanm te fèt pou gason; pa gason pou fanm." Dènye kreyati Bondye te kreye a se te yon nonm. Yon fanm se yon sou-pwodwi ki soti nan yon gason. "Epi li te fèt pou yon nonm; se pa gason ki fèt pou fanm nan." Yo fè l tounen nan lòt sans, epi nonm lan tonbe nan chapèl fanm yo. Sa a se bagay ki te kòmanse li nan kòmansman an. Se sa ki te pase nan kòmansman an. Lè Adan, pitit gason Bondye a, pa t ka tante pou l fè sa ki mal, Satan te antre nan yon moun ki te rele sèpan an, ki te tankou yon nonm. Epi se kote sa a te kòmanse, ke Èv te soti dèyè Pawòl Bondye a, e sa te lakòz tout doule nan kè, chak simetyè. Chak peche ki te janm komèt, te kòmanse menm kote a.

115 Men li ankò. Kisa? Fanm se te lakòz premye chit la, e se fanm ki fini tan an. Li te kòmanse li; li fini li. Se pa etonan Bib la te di, "Sila yo ki chape nan Siyon yo pral gen glwa nan je Seyè a."

116 Alòske nan Ezayi 5, li te pale sou ki jan imoralite medam yo ta pral ye nan dènye jou yo, e ki jan yo ta dwe ye: kantite rad yo te dwe genyen, e ki jan yo ta dwe gen cheve yo kwafe, ak tout bagay konsa. Bib la di sa, Ezayi 5. "Ki jan li t ap mache ak soulye talon wo, li t ap fè bri ak pye l pandan l t ap mache. Epi li t ap woule ba li yo desann, ak bagay li ta fè; ak anpil rad de rechanj, rad, ak bagay konsa." Li di: "Yo pral wete tout sa ki nan men li, epi li pral chita la epi santi move, poutèt imoralite li." Epi li di, "Sèt fanm pral pran yon sèl gason, epi yo di, 'N ap fè pwòp travay pa nou. Se pou nou jis pran non ou, pou wete wont nou an.'"

117 Men, li te di: "Ala sa pral bèl ti branch sa a ki chape anba tout bagay sa yo! Se pral 'SENTETE POU SEYÈ A' nan jou sa a," lè vrè fanm ki ne de nouvo konnen plas yo, menmsi yo ri yo, epi yo rele yo sòt epi demode, ak tout bagay. Men, aji tankou yon fanm, tankou yon dam! Kanpe tankou yon fanm! Abiye tankou yon fanm! Pale tankou yon fanm! Viv tankou yon dam. Wi. Amèn, sa vle di, "se konsa." Ou pa bezwen pè. Li pa fè ou mal. Trè byen.

118 Pwòp Pawòl Jezi a te di sa ki t ap pase, gwo ekspozisyon sa a.

119 Li te di tou: "Nan jou Lòt la." Si w vle make Ekriti sa a, li se—se Lik 17:28. Li di: "Yo t ap manje, yo t ap bwè. Yo te achte. Yo te vann." Òdinèman, sa yo se bagay lejitim. Men gade. Epi—epi ke yo te okipe, men yo te mete tout... lide yo sou li.

120 Epi nan epòk Lòt la, fanm yo te tèlman ba, nan moralite yo, jiskaske yo pa t itilize yo jan yo ta dwe itilize fanm yo, men yo te pervèti, jiskaske yo... Li te vin tèlman komen, ke fanm vin tèlman komen ke, yo— yo, gason t ap viv ak gason. Pervèsyon natirèl nan selil sèks yo te chanje pozisyon li, paske fanm te vin tèlman bon mache.

121 Sa gen kèk jou mwen te laba, Tucson, m t ale chache yon pen. Epi te gen yon ti gason ki te chita deyò la, ak de ti gason nan machin nan. Yon lòt antre, pran yon pake sigarèt. Vye mesye ki gen tèt gri a desann gade, li di: "Pou ki moun sigarèt sa yo, manman ou?"

Li di: "Non, se pou ti gason sa a."

Li di: "Èske li gen laj ase pou l genyen yo?"

Li di: "Wi, mesye."

Li gade dèyè konsa. E mwen te kanpe avèk yon pen ak yon ka lèt, m ap gade. Epi li t ale, li di: "Bon," epi li ba li li.

Li te gade m, li di: "Mwen gen dout sou sa."

122 Mwen di: "Li pa ka gen laj ase pou l fè sa. Li tou...Li pa gen laj ase pe enpòt laj li."

Li di: "Mwen pral dakò avè ou." Li te di : "Èske w—èske w gen difikilte pou eseye kite yo?"

123 Mwen te di: "Mwen pat janm kòmanse yo." Mwen te di, "Mwen pat janm kòmanse li." Mwen te di: "Paran m yo te fimen e yo te konn sèvi ak tabak, men Seyè Bondye a te pwoteje m de sa."

124 Li te vire epi li te gade m yon jan dwòl, epi li te di : "Ebyen, mwen panse se yon wont pouri jodi a, pou w wè ki jan..." Li te di : "Dabitid, nou te mete fanm sou yon pedestal." Li te di : "Nou te onore li. Nou wete chapo nou nan prezans li. Nou te mache nan lari yo, e mesye yo ta tande yon moun fè yon remak sou yon sèten fanm, yo t ap ba l yon kalòt." Ou wè? Li di: "Yo onore fanm." Men, li di: "Mesye, se fanm yo ki chache sa." Li di: "Kounye a, yo pa leve. Yo te konn leve; nan yon tramway, yon dam leve, chak gason ta wete chapo l epi kite l chita. Li te di "Kounye a se pouse moun ap pouse, moun ap bouskile!" Li di: "Se yo k chache l." E se laverite.

Twou dyab sa a nan Hollywood laba te prezante sa nan televizyon yo ak magazin yo, jiskaske bagay la te vin tounen yon gwo mamit ranpli ak salte. Se vre.

125 Mwen konnen se pa yon pawòl popilè, men se yon pawòl vre. Se Laverite. Se Pawòl Seyè a, epi tou yon siy avètisman ke Kris pral vini nan jenerasyon sa a. Li te di: "Moun ki wè sa rive, yo p ap pase toutotan tout bagay sa yo pa rive vre." Li te di: "Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl Mwen an p ap janm pase." Se yon avètisman. Limyè wouj la ap kliyote; rido a tonbe. Nou nan tan lafen an.

126 Nou wè siy Seyè Jezi k ap geri malad yo, leve mò yo, chase move lespri yo. Nou wè moun yo ki sanktifye epi ki vin sen, pa Sentespri an. Nou wè vi ki chanje. Nou wè gwo siy. Nou wè siy mistik nan syèl la, tankou soukoup volant. Pentagòn lan, anpil moun yo mete l sou televizyon, ekri l. Yo pa konn sa pou yo panse osijè de sa. Tout kalite siy misterye! Seyè Jezi k ap desann sou fòm yon Kolòn Dife, yo te fè foto L, k ap viv nan mitan nou, Li pwouve ke li se menm lan ayè-...

127 Nou wè tout bagay sa yo ap pase. Nou wè fwadè nan legliz la. Nou wè denominasyon an ap grandi. "Lè nou wè pye fig la, ak tout lòt pye bwa yo pouse boujon yo," Juif yo tounen. "Pye fig la," Juif yo retounen nan nasyon yo, pwòp peyi yo. Nou wè Presbiteryen yo, Metodis yo, Batis yo, Literyen yo, Pannkotis yo, tout legliz yo, "ap pouse fèy yo," yon revèy. Li di: "Prepare nou! Se lè a sa a." Lè nou wè sa ap rive, se lè sa a Bondye ap fikse pou L rele Eli li yo. Lè sa a, lè ou...

Yon lòt siy. Li te di: "Lè w wè medam yo vin trè trè bèl, lè w wè pitit gason Bondye yo pran yo pou madanm, yo pran yo pou madanm yo, epi yo fè sesi, sela se lòt bò," Li di: "konnen ke se siy lan." Nou rive la.

128 Kounye a, yon lòt bagay mwen te ekri. Sonje de pitit fi Lòt yo. Wi, nou sonje sa, laba nan vil Sodòm. Jezi te di isit la, nan Lik 17: "Kòm sa te ye nan epòk Sodòm." Sonje, ke, gason yo te abize fanm yo yon fason jiskaske yo pat dezire fè zak natirèl lavi a ankò. E, o, se terib pou w di sa dèyè estrad la, men sa a se...Si janmè te gen Laverite, li ta dwe soti isit la. E li sitèlman mal, jodi a, jiskaske gen dè dizèn de milye fwa milye ladan yo, k ap ogmante toupatou, pèvèsyon, Sodomit, jan sa te ye nan epòk sa a. Paske itilizasyon natirèl lavi imen pou repwodui tèt yo sou tè a te tèlman maltrete, e li te kontinye konsa, nan yon pwen ke dezi pou fè l la ap febli rapidman. Mwen pral di, nan yon lòt dis oswa kenz lane li pral pase, prèske, fason l ap ogmante kounye a.

129 Gwo remak. Mwen te gen yon bagay ki soti kot Edgar Hoover sou sa, men mwen pa konnen ... Mwen te panse mwen te mete l isit la, men mwen pat fè l, apwopo de sa li te di sou li. E kounyeya nou jwenn bagay sa yo. O, la la!

130 Jid, nan ti, gwo Liv li a, mwen rele l, nan 7yèm vèsè a, ann jis li l. Mwen vle li sa a. Jid, nan 7yèm la. Sa a se dènye Liv la anvan Liv Apokalips la. Mwen genyen l make la a, Jid 7, vèsè 7. Gason ak fanm k ap fè pwomès maryaj, kraze yo, ale dèyè chè etranje! Koute.

...epi menm jan Sodòm ak Gomò, ak vil ki bò kote yo menm, lage tèt yo nan fònikasyon,... ale dèyè kò etranje,... (Ou wè? O.) fònikasyon, ale dèyè kò etranje, yo bay egzans, nan soufrans, ak tire revanj, ak dife ki p ap janm fini an. (Sa vle di, yo dwe konplètman boule epi elimine.)

131 Sa gen kèk tan, isi a nan Los Angeles, mwen t ap tann, oswa mwen te deyò nan kan yo. Mwen t ap monte wout la. Epi yon—yon ti dam, yon bèl ti fi, trè bèl, t ap monte wout la. E mwen te panse: "Li dwe prale nan yon espektak." E li te gen sou li yon ti rad tradisyonèl moun Far West yo, jis apeprè—apeprè sis oswa uit pous lajè sou devan an, ak yon ti franj twa oswa kat pous ki te pandye. Epi anwo kò li, yon ti tach, jis prèske ase pou ou ta ka woule li epi fèmen l ak pwèn ou, li te pandye sou kò li fason sa a. Avèk yon chapo Cowboy sou li, ak yon pè bòt ki gen ponpon sou yo. Trè atiran, mwen te kapab wè kisa k te ka pouse yon jenn gason peze sou fren l ak tout bagay, pou rete bò kote l, pandan l ap mache sou wout la ap tòde kò l.

132 Epi m t ap prepare m pou m tounen nan kan an, epi m te monte nan direksyon kan yo. Epi m te kòmanse vire, pou m retounen. Mwen te panse mwen ta rete, pou m di: "Jèn dam, mwen vle pale avèk ou nan Non Seyè Jezikri nou an. Menmsi ou se yon bèl ti fi, pa gen okenn dout sou sa, menm si ou gen yon figi ki ta ... Pwobableman, ou--ou vle tande fren yo krise. Èske w reyalize ke lespri sa a k ap fè w fè sa li pral mennen w nan yon lanfè dyab kote w ap soufri atravè laj ki gen pou vini yo? Èske w reyalize ke bèl, ti kò sa a ki byen fòmè, ak bèl machè yo ak cheve byen kwafe, ak lòt bagay, ak bouch wouj: petèt nan—nan yon lòt sis mwa vè yo pral rale antre soti nan kò ki byen fòmè sa, ki soti isit la nan pousyè tè a; epi nanm sa a ki rete la a: yon jou, pral nan touman dyab la."

133 Lè sa a gen yon bagay ki te rete m, kòm si Bondye ta di: "Si w fè sa, y ap fèmen w nan prizon laba a." Ou wè? Men ni. Lè sa a mwen wè Billy soti epi li fè m siy, se te tan pou m vini. Mwen tande yo k ap chante Sèlman kwè.

134 O la la! mwen! Ki jan moun ka enchante nan bagay sa yo? Se paske yo meprize Pawòl Bondye a.

135 Epi yon lòt bagay, se minis yo ki dèyè platfòm lan, ki asosye nan òganizasyon sa yo, ki li Sa epi ki konnen Li, yo entèdi yo pou yo di anyen sou Li, paske yo pral chase kongregasyon

yo lwen yo lè sa a. E legliz yo ap chèche manm. Men Bondye ap chèche sen ki ne de nouvo ki pou Bondye vivan an, ki pral klere tankou zetwal yo. Se pou Bondye ede nou pou nou onèt epi di Laverite, sa Jezikri te di. Men sa se jou n ap viv ladann lan. Se siy sa yo Jezi te di ki t ap genyen, e nou wè l drèt devan nou.

136 Gade kounye a, epi Jid 7yèm chapit la ankò, "Sodòm ak Gomò." O la la, ala yon bagay terib! Yo pa marye ak fanm sa yo, "y al dèyè chè etranje." Yon nonm ki marye ak madanm li, yo—yo pa de ankò, yo fè yon sèl. E yon gason k ap kouri dèyè yon lòt fanm, li otomatikman separe tèt li de madanm li. E yon fanm k ap kouri ak yon lòt gason, li mouri pou mari l. Li nye pwòp kò li; li elwaye lwen li. Se vre. Nan Jou Jijman an, yo pral oblije reponn pou sa.

137 Men jodi a yo pa vle tandè yon Mesaj konsa. Pèp la pa vle tandè sa. Yo vle chatouye nan zòrèy yo. Egzakteman sa Sentespri an te di m jou mwen te poze wòch kwen sa a la, li te di:

Preche pawòl la; rete ensistan nan sezon an, deyò sezon;...

Paske, lè a ap vini kote yo p ap andire bon doktrin; men, dapre pwòp move lanvi yo, yo pral rasanble ansanm pwofesè yo, ki gen zòrèy grate;

Epi... yo pral vire soti nan verite a, nan fab.

Li te di: "Lè vizyon an ale, li De Timote 4." Li di: "Pa bliye, De Timote 4!" Epi lè vizyon an te kite m, m kanpe la menm nan 7yèm Ri, yon ti gason diznèvan te kanpe la, Vwa Bondye a te pale nan chanm nan, epi li te di, "De Timote 4." Se egzakteman sa ki te rive. Ou wè? "Lè a ap vini kote yo p ap andire bon doktrin."

138 Moun yo vle yon bagay. Pannkotistyo vle yon bagay ki ka tape yo sou do a, epi kite yo viv jan yo vle. Apre sa, yo ka jwe pyano a nan karant kou pou chak segonn, epi yo ka sote monte desann, ak danse sou sa; epi fanm yo fè jan yo vle, ak gason yo menm jan. Presbiteryen, Metodis, Luteryen, ak Batis, gen anpil moun sensè nan tout òganizasyon sa yo. Se egzakteman sa. Men sistèm sa a te tèlman mare yo, jiskaske yo panse toutotan yo fè pati legliz sa a, epi non yo sou liv sa yo, yo mare nan Syèl la. Non ou sou yon liv isit sou tè a pa pral vle di sa pou Bondye. [Frè Branham klake dwèt li—Editè a.] Non ou dwe ekri nan Liv Lavi Ayo an, pa San Jezikri, pou peche w yo padonnen. Se vre.

139 Men yo vle kalite sa a. Sa se kalite pastè yo vle pou yo. Yo pa vle anyen ankò. Epi lè Bondye nan dènye jou sa yo te souke tout kado divin ki rekòmande nan Bib la, chak kado ke Jezikri te pwomèt, chak kado, ak tout siy, ak chak siy tan lafen. Tout sa ki te pwomèt nan Bib sa a, jan mwen ka wè, mwen menm, te deja souke devan nasyon an, epi li plonje nan

direksyon lanfè osi difisil ke li kapab ale. Di yo sa? Y ap kontinye nan menm direksyon an, de tout fason.

Kite m jis jwenn kèk lòt Ekriti isit la anvan m fini. Trè byen. O, "Destine pou yon destriksyon etènèl," se sa yo ye, Bib la di.

140 Nasyon sa a kouche nan menm pouriti sa a. Menm pouriti sosyal sa, nasyon sa a kouche ladan l aswè a. Ou konnen sa. Se pa yon blag. Se pa yon rimè. Se Laverite. Jenèz 6:12, "Tout chè te kòwonpi, lòm te mache nan pwòp fason pa l," nan pwòp panse pa li, inyore lwa Bondye yo. Se konsa lòm fè jodi a. Lòm pa vle tandè Pawòl Bondye a. Moun yo pa vle tandè L. Yo vle mache nan pwòp fason yo.

141 Jezabèl te refize tandè Pawòl Seyè a. Li pa ta vle rele ansyen predikatè sa a ki parèt pwali a, Eli, pastè li. Men li te pastè li, de tout fason. Dakò. Bondye voye l, e li kriye mesaj li a. Menmsi li pa gen edikasyon, yo pa konnen ki kote li soti oswa ki kote li t ale. Li te vini sou sèn nan ak Pawòl Seyè a. Li te lanse mesaj li, ke li te preche a, epi li te kondane tout sa ki te genyen, yo rele peche. Sa a, Jezabèl modèn sa a, te sedui epi enchante pèp la anba pouvwa majik li yo jiskaske nasyon an nèt te pèvèti, epi Eli te kanpe pou kont li deyò sou mòn lan. Bondye di: "Eli, pa panse sa. Men, mwen gen sètmiil laba ki gen kè onèt." Sa se dezyèm pull li, e twazyèm lan, li tounen al chache yo.

142 Men sonje, Bondye te gen mizèrikòd, epi Li—Li...Epi mesaj Eli a te kondane jenerasyon enkredil sa a. Mesaj Noe a te kondane jenerasyon sa a, e li te pote jijman sou moun ki te refize tandè l, ak delivrans pou moun ki te kwè nan li. "Epi menm jan sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis de lòm nan pral vini."

143 Jenèz 6, inyore lwa Bondye yo! Yo di: "Lalwa Bondye?" Pawòl Bondye a di, jodi a, nan Bib la...

Koulye a koute, mwen pa di sa a nenpòt moun. Mwen responsab sèlman, kòm frè nou. Se mwen menm ki responsab pou m di nou tout Verite a, jan gran Sen Pòl la te di anvan l te pati: "Mwen pa t evite fè nou konnen tout konsèy Bondye a."

144 Kounye a, Bib la di jodi a, fanm yo pa dwe koupe cheve yo. Mwen pa okipe m konbyen predikatè ki di ke sa a byen; li mal. Mwen pa okipe konbyen legliz ki kanpe pou li; Bib la toujou di ke li pa bon. "Se yon wont pou li fè sa." Men yo kontinye fè li, de tout fason, y ap kontinye. Kisa y ap fe? Nan pwòp tèt yo, y ap fè pwòp tèt yo bèl, yo panse y ap bèl.

145 Pawòl Bondye a avèti, li pa dwe fè bagay sa yo. "Li pa dwe mete yon rad, oswa yon kanson, oswa nenpòt bagay ki apateni a yon gason," men li kontinye jis menm jan an. Eseye fè l rete.

Li di: "Poukisa w ap kriye alò, Frè Branham? Sa w ap pase? Franchman, moun renmen ou pi byen si ou ta..." Mwen pa okipe m de sa, sa. Mwen pran swen sa moun panse. Koulye a, pa fè m mal. Men, mwen enterese nan sa Bondye panse, epi sa a se Pawòl li.

Wi, ou di li li pa bon pou fè sa, li pral ale dwat devan epi fè li, nenpòt kòman. Ou wè? Poukisa? Fanm nan tout Lakreyente fè bagay sa yo, e legliz la sanble pa okipe anyen de sa. Poukisa li ye? Pitit gason Bondye yo te tonbe nan lanvi lachè ak san fanm, epi yo te nye Bondye menm ak San ki te achte yo a, pou separe yo ak bagay sal sa yo. Amèn. Sa se Laverite. Kifè ede m Bondye, se Laverite.

146 Eseye fè l sispann. Ou panse predikasyon Noe a te gen okenn antrav? Non, mesye. Men ki sa li ye? Se yon vwa, Vwa a. Epi lè yo rele nou tout nan Jijman an, Mesaj menm ke m ap preche a, aswè a, pral rankontre m menm la, Mo pou Mo. Lè sa a kisa ou pral fè?

147 Se yon Limyè wouj k ap flache, yo avèk tan an, medam yo ap fè tèt di. Nou pral... Nou pral jis mete sa a, paske sa a se fanm. Epi ou mande poukisa mwen toujou ap kriye sou sa. Kounye a mwen pral blayi, pote yon pakèt--pakèt Ekriti isit la anvan m fèmen, epi montre w poukisa. Epi se rezon ki fè m dwe rete fidèl ak Pawòl sa a, e chak sèvitè Bondye ta dwe rete fidèl ak Pawòl la. Ou dwe rete, paske dwe gen yon vwa yon kote k ap kriye kont li. Mwen pa okipe m de sa rès lòt yo fè; ou pa responsab pou yo. W ap reponn kòm yon endividi. Ou p ap reponn kòm yon Metodis, ou p ap reponn kòm yon Batis, oswa yon Pannkotist. W ap reponn kòm yon endividi, bay Bondye, pou pwòp lavi ou.

148 E nou wè siy sa yo, e poutan yo kontinye ap fè l. Di l sa pa bon, wè kisa l di. Tèt di! Se egzakteman sa Èv te fè. Èv te konn pi byen pase pou l fè sa. Li te konnen? Li te gen Pawòl Bondye a. Te di: "Jou ou manje ladann, jou sa a w ap mouri." Ebyen, poukisa l te fè sa? Li te vle pwòp fason pa l. E poukisa fanm pral koupe cheve yo; poukisa fanm pral mete rad sa yo, epi Bib lan ap di ke se jis egzakteman sa yo sipoze fè? E bagay ke y ap fè a, yo tout kondane. Egzakteman. Men poukisa l fè li? Li gen pwòp tèt li. Wi, mesye. Li pral gen pwòp fason pa l. E legliz lan pa di anyen sou sa. E legliz la sipoze pou l se Epouz Jezikri a, epi l pa di anyen sou sa.

149 Pale ak youn nan yo sou sa, nou konn kisa yo di? Nan pwen pou di: "Pa gen ansyen Bib kap kanpe nan chimen m pou anpeche m pran ti plezi." Kounye a jis egzakteman. Ou di yo li ekri nan Bib lan. O, yo ta ka pa di mo sa yo, men se sa yo eksprime.

Èske nou pat janm tande ansyen dizon an: “Aksyon pale pi fò pase pawòl”? Ebyen, alò, se vre? Aksyon pale pi fò pase pawòl. Sa pa enpòtan kisa w ap di, lavi w—w pale tèlman fò jouk yo pa ka tande temwayaj ou. Janm te di maten an, jis sote menm wotè ak jan w viv. Ou wè? Aksyon w pale pi fò pase pawòl ou yo. E ou ta ka jis soti byen pwòp epi di sa, paske pwòp pawòl yo pale. Pawòl ou—ou yo, sa pa enpòtan sa l ye, aksyon w yo pale de kisa—kisa w ye.

Si w pale de on bagay ki diferan de sa w ye vre, li vin ipokrizi. Jezi te di: “Noumenm ipokrit! Kijan nou ka di bon bagay, lè sa ki sot nan kè a pale, lè bouch lan pale sa ki sot nan kè a?” Ou wè, yo tap di on bagay ke yo pat panse.

E fanm kidonk, se pou di l, o la la: “Gen pwòp plezi m.”

150 Kisa k rive? Sot nan maryaj...Men yon lòt kote nan Bib lan. Ve an sot nan maryaj: “obeyi.” Huh! Obeyi? Huh! “Yon moun kap kenbe kay, inosan, ak bon zèv.”

Li ri nan figi w epi nan izin poud lan, biwo yon moun. “Mari m...” Ya. O, m doute de sa.

Nou wè fòs yo jodi a, sitèlman yon lawont, mete fanm nan fòs lapolis. Si sa se pa yon mak libètinay nan mitan nenpòt vil! Tankou anpil mesye sot nan travay, e yo dwe mete fanm sa yo deyò la a, lè Bib lan te di li dwe “rete lakay epi pou l s on moun inosan kap kenbe nan kay.” Men li kenbe tout liv patwon an, ak pa w yo, tou. Wi. Se vre.

M pap pale de bon fanm kounye a. M pap voye sa sou noumenm fanm ki vrèman dè fanm ki gen krentif Bondye. Bondye beni nou. Sa sou kasèt, oswa kèlkeswa kote a ankò.

Men m ap pale de, kote w jwenn youn kon sa, ou jwen mil senk san lòt fason an. Yo pap koute on Pawòl. “Kenbe Bib nou! Preche L bay tèt nou. Nou pa vle tande L.” Obeyi? O!

151 Li ta ka di sa: “Ou rakonte yon lòt moun istwa Bib ou. Kenbe Bondye w pou yon lòt moun, epi kite m an repo. Pouki bagay wap rele sou mwen? M pat janm mande w pou di bagay sa yo.” M konnen, men Bondye te fè l. Ou wè? Kidonk se tou.

152 Kidonk yo toujou konwonp fason an. Jis menm jan yo te fè nan jou Seyè an, jis jan yo te fè nan jou sa a, se konsa yo fè jodi a, jis menm jan. Li pat chanje. Li pa chanje. Li pap chanje.

153 Delenkans kay jenn finalman pran pitit li yo. Prizon pran on pati nan fanm yo ak gason an, e lanfè pran tout bagay la, se egzakteman vre, finalman li vale yo tout. E predikasyon an sanble l ale anlè do yo. Yo pa janm koute L. Yo pral gen pwòp pa yo... Ou ka di yo Bib lan di Sa. Yo di: “Kenbe Bib ou a. Nou pral pran plezi nou.”

154 M ka tande kèk nan nou sè kap di kounye a, petèt pa pou le moman menm, men tande nou ap di: “Kimoun, mwenmenm obeyi mari m? Huh! M ap fè l obeyi m.” Men men kote nou nan tò. “Rete lakay, inosan? Sa pa gade m sa Bib lan di sou sa, oumenm kite m anrepo!” Koute, sè, sa pat nan, anvan nan Laj Fènwa yo, sa se vwa jodi a. Sa pat janm rive sitèlman avan delij la, sa rive jodi a tou. Se menm bagay la.

155 Yo di ankò: “M se yon fanm modèn. M ap viv an Amerik.” Ebyen, sa pa pi plis pase w ap viv nan on pak kochon. Sa pa tap fè yon kras diferans pou Bondye kote w te viv. Se sa w ye nan kè w ke w ye. Se vre. E pa panse, sè, ke ou sitèlman modèn, ke w se youn nan fanm modèn sa yo, jan w vle di jodia a. Ou sot anvan nèt, selon Bib sa a, nan laj fènwa yo, nan tan anvan delij lan. Nan epòk Noye, se lè yo te fè menm bagay la. Kidonk ou pa fin twò modèn, apretou, se vre? Ou wè? Se fason sa a yo te aji nan mond anvan delij lan. Ou wè? E se fason y ap aji jodi a, kidonk sa dwe laj fènwa ankò, tounen nan gran fènwa pi lwen a.

156 E oumenm mesye k ap kite madanm ou fè sa, nou pa pitit Bondye ankò. Non, nou on jan tonbe nan Sodòm, se vre, kite fanm yo ap kòmande nou. O la la!

157 M pa konn si pou m di sa oubyen non. Pito m pase sou pati sa a. Men, trè byen. Sa terib, men tout pou laj ke n ap viv ladann lan. Nou wè limyè wouj lan limen, ap flache? [Asanble di: “Amèn.”—Edite a.]

Twonpèt Seyè a va sonnen, e pap gen tan ankò,

E jou maten ap louvri sou Etènèl, klere epi bèl;

Alò chwazi L yo va rasanble (sot nan pousyè latè a) pou al Lakay yo pi lwen syèl la.

O, ala yon jou sa pral ye! Trè byen. O, wi!

158 Tounen nan Sodòm. Pa enkyete, gen Yon bonm A kap tann pou netwaye tout, se vre, netwaye tout mond lan. Li pral fè l. Epi tout pral renouvle ankò, tankou nou te wè anba Sizyèm So an, pou on gwoup moun rachte ki te asepte Seyè Jezi, ki vin Kretyen, ki vann okipasyon yo ak mòd yo nan mond sa a, epi vin jwenn Jezikri, epi ap gade L e Limenm sèl; nan pwogram enb, senp Li a, pou vin kwè nan Li, epi resevwa Lavi Etènèl. E si w di ou gen Lavi Etènèl, epi w pa dakò ak Bib sa a, lavi etènèl ou a se pa Lavi Etènèl ke Bondye bay la. Yo twonpe w, pa lanmò, e pa nan Lavi. Se vre.

159 Kounye a, o: “Gen krentif pou Bondye epi kenbe Pawòl Li, paske se kòmandman an an plen.” Limyè wouj yo ap flache, e tan an toupre. Jan sa te ye nan epòk Noye, ou wè, yo te pran bagay lejitim lan epi te yo te kowonp li. Yo te pran manje, epi yo te pran bwè, epi yo mete

bildin, epi yo met tout lòt bagay sa yo, epi yo te pèvèti l. Kounye a, Jezi ap tann pou nou bati yon kay, ou wè; men jis gade kisa k rive nan sa. Manje, Li atann ke nou manje, se vre; gade kisa k rive nan sa. Bwè, nou atann pou nou bwè dlo nou ak kèlkeswa sa nou dwe fè; men, nan plas sa, yo fè l tounen bweson ak gwòg, ak tout bagay, ak kòktèl, fè fanm yo antre. Ou wè?

160 E sa k rive ak ogmantasyon popilasyon an, jan sa te ye nan epòk Noye a? Sa k rive ak bote fanm yo ki ogmante san rete, pi plis toujou? Ou wè? Limyè wouj!

Sak rive ak tan kote fanm tap vini, lè yo t ap vin fason yo te ye a: “tèt di, sekwa,” ak tout bagay, pat ka di yo anyen? Preche Pawòl lan ba yo, y ap kontinye fè l dwat kanmenm. Ou wè?

Kisa k pral rive? Jis egzakteman tankou sa te ye nan epòk Noye. Yon jou, pòt mizèrikòd lan pral fenmen. Lè sa a Lekriti di: “sanktyè an vin plen lafimen,” sa vle di Entèsesè a pati kite l. E toutotan Ayo an toujou laba a...Jan m te di maten an, oswa yon kote m tap preche, ke, toutotan Ayo an la a pou fè entèsesyon, toujou gen mizèrikòd. Men ala asirans nou genyen, lè nou wè tren an deja nan zòn lan, lè nou wè Vini Seyè an, flache limyè an?

161 Kijan m te ka pale de bagay diferan jan nou konnen ke Li te pwomèt pou fè isi a nan dènye jou yo, epi nou wè l dwat devan nou. Epi nou wè sijè sa a aswè a, de yon lòt limyè wouj k ap flache, de eksitasyon nan mitan fanm nou yo, ak dè bagay fason y ap fè an. Nou wè l ap pwente, chak—chak bòn distans an kilomèt, tout bagay, chak zegwi, chak bousòl, regle dwat sou Vini Li. Nou nan fen an. Pa gen anyen lòt ke m konnen ki pou rive ke Vini Seyè an.

162 Epi apre, chè zanmi m ki andeyò Kris, kisa w panse de sa? Èske w ap jis repoze...Onètman, zanmi, m vle poze w on senp kesyon. Èske w jis ap repoze sou kèk ti sansasyon ou te genyen, oswa kèk, petèt, on bagay ke w te genyen? Petèt ou te vin kontan yon fwa epi w te danse toupatou nan plas la, tankou anpil moun nan sentete ak Pannkotis, ak Nazareyen, ak Pèlren Sentete. Yo kwè si yo vin kontan ase pou danse, ke se Sa. Epi koupe cheve nou, mete bout pantalon? Èske Sentespri an tap fè nou fè sa, lè Li kondane li nan Bib lan?

163 E sak rive avè w ki di: “Ebyen, m fè pati de legliz la. M se yon Pannkotis. M se yon Metodis, oswa kèlkeswa sa m ye a. M se yon manm! Manman m se yon manm fondatè legliz lan. M te yon manm fondatè”? E lespri an menm ki sou ou an ap fè w fè bagay ke Bib sa a kondane pou w fè. Ou wè?

Ou di: “M te pale nan lang, Frè Brahnam. Kounye a, piga w pran kenbe sa. M te pale nan lang, e se prèv Sentespri an.” Si lavi w...Si w ka toujou koupe cheve w, si w ka toujou fè

bagay sa yo ke Bib lan di pa fè; ou te ka pale nan lang tout jounen ak lannwit, epi sa toujou pa gen anyen pou wè ak Bondye. Yo konnen pyebwa pa fwi li.

164 M ap vin granmoun. M konn sa. Chak jou m gen yon nouvo doule ak kò fè mal. Nou chak genyen l. Nou te ka byen fèt di verite a. M te panse: “Bondye, pa kite m...”

Youn nan bagay ki pi mizerab, se wè yon gason oswa fanm ki pat janm asepte Kris, epi te jis viv yon ansyen manm legliz tan lontan, pi mechan pase Satan limenm, epi wè l deyò la a, ak vye bagay akaryat, “Ebyen, m di nou, m pa kwè nan okenn...” Bondye, pa janm... Se yon—se yon... Se kouwòn ki pi terib ke Satan ka kouwone yon vi avè l. Yon vye madanm granmoun akaryat, apeprè swasant oswa swasandizan, ak grès ki pandye anba bra l, ak rid yo sou tout figi l, ak cheve l koupe, nan kat oswa senk diferan koulè, epi ap fè chèlbè nan ti bout pantalon; si se pa kouwònman Satan, m pat janm wè l, oswa kèk vye mesye granmou akaryat.

165 O Bondye, m konnen mwen...Ban m gras pou m pa janm plenyen. E m vle lavi m, Seyè, m vle lavi moun mwen yo...Bondye, akòde ke lavi nou te ka kouwone, sa pa enpòtan si nou soufri, kèlkeswa sak pase, konbyen moun ki vire kont mwen.

M konnen grenn bagay sa a nan vi m, antan m ap vin granmoun, zanmi m yo, pas dlo an deyò m, ap sispann koule byento, pi fin epi pi fin, antan m ap desann wout lan. E m konn on sèl bagay, sa pral rive apre on moman ke pap gen pèsòn kap vin jwenn mwen pou di...mande m konsèy. Sila yo ki konnen m nan jenès mwen ap fin ale, si m va viv. Zanmi m yo ap vin mwens epi mwens, antan m ap vin granmoun kounye a.

166 E m konnen ke yon jou m dwe mouri. M swete ke Bondye pa janm kite Satan kouwone m kòm yon vye granmoun akaryat, nonm indiferan, ak madanm mwen yon vye madanm anmèdan, oswa madanm ou, oswa oumenm kon sa. M priye, frè, ke lavi nou va kouwone ak fwi Lespri an; lanmou, lajwa, pran pasyans, dousè, pasyans, Verite, lafwa, nan Sentespri an.

167 Lavi m ap vin pi piti. Sa fè apeprè trannsenk an depi m te kanpe nan lestrad lan isi a, tankou yon ti gason. Aswè a m se yon granmoun, ak cheve gri, epi tèt chòv, zepòl voute; M kraze. Lavi m ap fini, epi fil m ap mache sou yo yo ap vin frajil. Antan m kontinye deplase nan pas dlo an, zanmi m yo vin mwens. E apre yon moman sa pral rive nan on pwèn, petèt, ke m—m pap jwi chante tankou m te konn fè; e petèt pitit pitit mwen, timoun yo ap dwe di: “Pa fè granpapa vin gen nè.” Sa ka rive la si m viv.

168 Apresa m ap kontinye desann jouk m pa ka leve sot nan chèz mwen. Alò yon jou maten bwouya a ap antre nan chanm lan, m ap fè siy sou lòt bò fwontyè a, bay lanmò, pou vin pran m. Li ka sèlman pran m nan men epi kondwi m travèse al jwenn Mèt mwen. Li pa sila kap rann

mwen esklav. M pa esklav li. Li se esklav mwen. Kris te konkeri lanmò pou mwen. E li ka fè sèlman yon bagay, se rale m nan Prezans Kreyatè m: “Lè tabènak terès sa a disparèt.”

169 Moman lè yon maman sou pwen pou gen yon bebe, nou remake, m pa bezwen konnen kijan l te kriyèl, ak kijan l mechan. Nou konnen, on moman anvan bebe sa a fèt, manman an vin dou. Poukisa sa fèt? Lè ti mis sa yo nan matris sa a ap ajite epi sote kon sa, gen yon kò selès kap tann li. E lè li sot nan manman an, doktè a oswa fanm saj lan, kèlkeswa moun li ye a dwe pran l epi choke l, tape l, souke l, oswa on bagay, epi li pran souf lavi a. Epi ti lespri zanj lan antre nan li, souf lavi a, epi l vin yon nanm vivan. E lè nou gen Kris nan kè nou, epi Kris vin reyèl nan kè nou, se yon ti bebe. “Si tabènak terès sa a disparèt...”

170 Jezi te di, nan Jan 14. Nan fenmen, m ap di sa. Li te di: “Pa kite kè nou twouble; si nou te kwè nan Bondye, kwè nan Mwen. Paske, nan Wayòm Papa M gen anpil tabènak. M prale epi prepare yon plas pou nou.” Lè tabènak terès sa a disparèt, nou gen youn. “M prale epi prepare yon plas pou nou, ke kote m ye, nou ka la tou.” Vle pou avè L.

171 Lè sa a m konnen, se timoun piti sa a, Kris, pa nouvo nesans lan li te fòme; lè tout lòt lavi brize ale, tout lavi mòtèl ak tout bagay ale, lè sa a sa pral pran on bagay pou choke m, e sa pran lanmò. Lanmò ba ou chòk lan, lè l frape w, men li sèlman fè w ne de nouvo nan yon nouvo Wayòm, ale sou lòt bò a kote pa gen okenn maladi, chagren, pa gen laj granmoun, oswa anyen. Bondye ede nou.

172 Kijan, zanmi, nou ka janm refize on bagay kon sa, nan wè ke pa gen okenn lespwa nan mond lan, andeyò de Jezikri? Limyè wouj yo ap flache.

Nasyon ap kraze, Izrayèl ap leve,

Siy ke Bib lan te anonse davans; (fanm ap koupe cheve yo, ap met bout pantalon; limyè wouj lan limen, ou wè.)

Jou Moun lòt Nasyon yo konte, ak machin pou sakle ki ankonbre;

“Retounen, O sila ki gaye yo, al jwenn pwòp pa nou.”

Jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap fayi pou perèz;

Ranpli ak Lespri a, gen lanp nou taye epi pwòp,

Gad anlè, redanmsyon nou toupre!

173 M renmen Li. M vle nou renmen L. E antan nou koube tèt nou jis a moman, nan yon mo lapriyè, nan fenmen. Limyè wouj yo ap flache. Siyal lan limen. Vini Seyè an toupre. Li pale ak nasyon yo. Li pale ak moun yo. Li pale à travè siy ak bèl mèvèy yo. Jan nou te pran Sodòm epi nou te montre kijan Anj sa a vin jwenn Abraham, siy ke Li te fè yo jis anvan dife an tonbe, nou wè sa.

174 Li te di: “Nan epòk Lòt, yo te bati, yo te vann.” Gade jodi a. “E menm jan ak epòk Noye,” fanm ap vin pi bèl, pitit Bondye yo ap tonbe, y ap adore chè imen nan fòm fanm, e tout bagay sa yo kap pase an, ke nou te pale de yo aswè a. Limyè an ap flache, Vini Seyè a toupre. Èske w toujou jis on manm legliz?

Èske w sèten, zanmi m? Kijan w fè konnen w ap viv tout nwit lan? Gade Frè Way ki kanpe isi a maten an, nan yon moman, alò ke l ap vire pou bay on moun lanmen, li te tonbe tou mouri dwat nan chimen li. Bondye te ka pa janti avè w konsa pou L ba w yon lòt okazyon. Ou pa konn ki minit kote kè sa a pral bay dènnye batman l. Panse a sa.

175 Vini Kris lan ap flache siy li yo. Gade yo. Wè si sa m te di nou aswè an...Li ka pa trè popilè, men se Laverite. Se sa Bondye te di, e men nou isi a.

176 Fanm yo pa vle rete lakay. Yo pa vle pran swen fanmi yo. Yo jis angaje yon gadyèn pou timoun epi yo soti al nan on fèt on kote. Delenkans kay jenn, tout kalite bagay kap pase; koupe cheve yo, mete bout pantalon, makiyaj. Ogmantasyon an, vin pi bèl epi pi bèl. Lòm, pitit Bondye, ap tonbe. Se yon pyèj Satan itilize, pou pitit Bondye yo tonbe nan sa. Jis menm jan Jezi te di a, li dwe rive. Li te di li tap la, e men l isi a. Li te di: “Lè bagay sa yo rive, jenerasyon sa a pap pase,” e sa fè karant an, “jouk tout bagay sa yo akonpli.” Panse a sa.

177 Èske w toujou yon manm legliz? Èske w te fè sak pa bon? Gade epi fouye vi nou, aswè, mesye, medam. Gade tèt nou, gade pwòp fòt nou. Kisa, nan eta prezan nou kounye a, si Kris te sou latè ap preche sa? Ou di “Si—si L te fè sa, si m te tande L preche sa, m—m tap repanti.” Si w tap fè l, Sa se Pwòp Pawòl Li aswè an, w ap fè l kounye a. Si w san Bondye, epi w konnen...

178 “O,” ou di: “M fè pati de legliz. M te pale nan lang. M—m pa...” Kounye a n ap mete sa sou kote. Gade tèt ou, tcheke vi w kounye a ak Pawòl Bondye. Èske w se moun sa a ki ale epi epi ki di: “Sa pa gade m sa Bib lan di. Frè Branham, m panse w nan tò”? Se pa mwenmenm ki nan tò. Si gen yon bagay ki pa bon avè L, Se Pawòl la.

E ou poko konn Bondye, e ou pa sèten ke si Jezi te dwe vini nan lè sa a ke w tap pare pou ale. Poukisa w ta fè tenten, lè w ap wè lanmò pre konsa, lè w wè fen an pre konsa?

179 Si gen yon moun isit lan, ak tèt nou bese kounye a, ki ta vle yo sonje l nan priyè antan nou fenmen, èske nou ta vle jis leve men nou epi di: “Frè, priye pou mwen.” Bondye beni w, sè. Bondye beni w, frè, sè. O, jis toupatou nan bilding lan.

180 Se sa, ann jis fè yon ti envantè kounye a. Noumenm sè yo kounye a, ak tout bon lafwa ak lespwa, jis panse a sa. “Èske m vrèman obeyi Bondye? Vrèman, kote dezi pa m? Frè Branham, m—m—m—m toujou fè bagay sa yo. M—m santi m kontan.”

Èske nou konnen payen santi yo kontan jis menm jan an? Nou konnen, yon nonm sou kontan jis menm jan an, anba gwòg, menm jan nou ye a, enflyans gwòg? E si nou kontan anba nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye, se dyab la. Si nou di: “M satisfè nan legliz mwen,” epi w tandè Pawòl Bondye ki preche, epi w pa konfòme w avè L, ou enspire pa move bagay la, sa pa enpòtan san enpirasyon w lan ye. M te wè yo ap rele, epi sote epi rele fò, ak—tout bagay, epi bwè san nan yon tèt mò imen, epi rele dyab la vini, se vre, jis kontan menm jan ou te ka ye. Paganis lan pwodwi jis otan sikoloji menm jan ak nenpòt lòt bagay, sichik nan lespri. Men eksperyans Kris sot nan kè a, ki chanje konpozisyon an, chanje moun lan nan yon nouvo kreyati. Panse a sa, vrèman byen.

181 Gade kò w. Imaje yon glas devan w, w ap gade tèt ou. ‘Èske m onèt? Èske m sensè? Èske vrèman map sèvi Seyè a, nan kè m?’

182 Ou di: ‘M ap sèvi L.’ Gade, nou menm medam ki gen cheve koupe, ki pote bout pantalon. Gade tèt nou kap fè bagay sa yo. Gade tèt nou, nou menm mesye ki kite medam nou fè sa; di tèt nou: ‘Èske m son pitit Bondye? Èske m son Sodomit?’ Nou menm medam, di tèt nou: ‘Èske m vrèman on dam modèn, oubyen èske m son akayik, on bagay ke Jezi di ki tap rive ankò nan dènye jou yo?’ Reflechi. Gade tèt nou.

183 Wè, pwòp tèt ou eksprime kisa ou ye. Wè? Epi si w pa an règ, èske wap ase onèt pou... Rete onèt kounye a, leve men w, di: ‘Kris, mwen pa leve men m bay Frè Branham ni a okenn lòt moun ke Ou, men mwen gen tò. Padone m. Frè Branham pwomèt pou l priye pou mwen, kounye a mwen pral leve men m, pou m di: ‘Jezi, gen pitye pou mwen aswè a. Sove m pou lamou de Kris. M pa vle pèdi. Tout lavi sa a ke Ou ban mwen, sa tap on bagay terib si mwen-si mwen te voye l jete, alò ke mwen gen okazyon sa a an nò aswè a, pou m vrèman wè ak pwòp je m, ke limyè wouj yo ap kliyote tout kote; Vini Seyè a, pwomès ke Li ta pral montre siy sa yo, e ke Li ta pral geri malad yo, ke Li ta pral resisite mò yo, ke Li ta pral chase demon yo, ke ta pral gen anpil, on gwou-... on ti kal moun, jis on minorite ke mond lan ta pral pase nan betiz, e ke yo ta pral bay tout kalite non, e ensidswit, konsa.’

184 E yo dwe ban nou tout kalite non. Yo dwe bay Verite a tout kalite non. Jezi te di: 'Tout moun ki pale mal sou Fis de lòm, ya padonnen yo, lè Li pral fè bagay ke ou wè Li fè.' Li di: 'Men moun ki pale mal sou Sentespri a, lè Li pral vin fè menm bagay la, yo pap padonnen yo sa nan mond sa a.' Wè, yo dwe fè sa. Dwe gon Mesaj konsa, pou moun yo pase L nan betiz, pou montre jistis Bondye pou kondane tout mond lan epi detwi li.

185 Pandan ke gen mizerikòd epi on moun kanpe devan brèch la, Jezikri, epi on pòt ki ouvri aswè a, èske ou pa vle resevwa L, zanmi m?

186 Bon, abityèlman, yo vin sou lotèl la. Se byen. M pa gen anyen kont sa. Men Ekriti a, Li di: 'Tout sa yo ki te kwè te batize.' Ak tout kè w, si ou abandone vi w a Jezikri la kote ou chita, la kote Li pale avè w lè ou te leve men w!

187 Menm Bondye sa a ki te kapab rale nonm sa a lavi, ki te mouri devan m maten an, pou konfime nou ke map di nou Verite a. Kiyès ki kapab resisite mò yo, si se pa Bondye? Se vre. Alò se pa ti pastè nou-nou ki fatigue la a, se Kris ki renmen nou an. E Li eksprime nou sa a aswè a: 'Nou tande Verite a. Nou wè Verite a. Li vini de Pawòl Mwen. Nou wè Pawòl Mwen ki rale tounen on moun. Nou wè ke Pawòl Mwen predi bagay sa yo. Nou wè bagay sa yo kap vini parfètman, depi tout ane sa yo, san fòt.'

188 Kounye a, kisa ou pral fè avèk Jezi, alò ke limyè wouj la ap kliyote? Poukisa ou pa fè sa, jete vye sak pistach mond sa a! Poukisa ou pa jete vye magazin *Vre Istwa* sa a, epi vye-vye tenten sa a ke wap fè nanm ou sibi chak jou! Poukisa ou pa mete televizyon sa a nan on kwen epi vire l tounen, si li anpeche w ale legliz! Poukisa ou pa debarase tèt ou de tout chay ki afekte w fasilman? Poukisa ou pa eleve kè w vè Kris, pandan wap di: 'Kris, aswè a, m fini. Map prepare tèt mwen. M wè ke Wap vini. Map pran valiz la, Bib Bondye a, ki ranpli ak Lavi Etènèl, epi, a pati de kounye a, map viv de Sa!' Èske nou pap fè l, pandan ke nap priye?

189 Papa nou ki nan Syèl la, m pa vle fè mal, de okenn fason, Seyè. Men Mesaj la konsantre sou tan an, pa sou moun yo, pa sou on moun an patikilye, men li konsantre sou tan an. Se yon tan kote li sanble ke Sentespri a pouse m pou anrejistre sa. Apre, anpil anpil fwa kote nou montre, depi chè sa a, epòk Lot, epòk Sodòm, epòk ke Jezi te pale yo, siy tan an, vini Seyè a, de anpil fason. Epi apre tout sa mwen di ki sevè kont medam jodia epi nan tout peyi a, alò, Papa, mwen te panse ke se te Sentespri a ki tap pale avè m pou m te ka di moun yo poukisa m fè sa. Se paske Pawòl Ou ki enspire tèlman sonde kè m, mwen pat ka pe.

190 Anviwon senkant ou swasant-kenz men nan bilding lan leve, Papa, apre on Pawòl Seyè a ki di epi ki pa menaje moun. Men Li ba yo on chòk, pou fè yo konnen ke siflè a sonnen; tout sen yo ap rasanble ansanm; nasyon yo ap dechire; siy Vini a; limyè wouj yo ap kliyote.

Epi nou wè, pa aksyon sa a ki dirije vè medam jodia, aswè a, ke se konsa ke Bib la di ke yo tap ye, epi men yo.

191 Vwa enfayib Jezikri a te avèti nou pou nou gade tan Noe a epi pou konpare l avèk epòk kote nap viv. Epi lè nou pral wè bagay sa yo kap rive, medam yo kap vin bèl, epi pitit Bondye kap pran yo, epi bagay sa yo ki te dwe rive, alò nou konnen ke se jenerasyon sa a ki pral wè Vini Seyè a. Alò, nou rekonèt limyè kap kliyote a, vini Li toupre.

192 Mwen priye, Papa ki nan Syèl la, ke Ou beni tout moun yo ki leve men yo. Map fè priyè enb epi sensè sa a, epi mwen konnen ke Ou pral tandè m. Ou te tèlman janti avèk Frè Way maten an, pou pèmèt on enb ti priyè fè kè l bat ankò, on amou sensè pou on frè ki te tonbe sou jenou madanm li, on fòm frèt ki mouri. Seyè, fè moun yo konnen aswè a ke lè ou mouri nan peche epi ofans, li pi danjere ke lè ou mouri on mò fizik; paske pèsonn ka ratrape w lè sa a, si ou pase odela vwal la, nan peche w ak ofans ou.

Pèmèt aswè a, Seyè, ke tout nanm yo ki leve men yo; mwen ofri priyè sa a nan Non Seyè Jezi; ke on tèl revolisyon fèt nan vi yo, ke on tèl detèminasyon fèt nan kè yo, detèminasyon sa a nan kè yo etan ke yo pap peche kont Bondye; ke apati de kounye a, yo pral rete ak Pawòl Etènèl la epi beni de Bondye, epi yo pral nourri pa Sentespri a epi yap kondwi sou chemen Lavi a, jou apre jou, alò ke yo kontinye vwayaj yo apati de kounye a.

193 Kounye a, Papa ki nan Syèl la, petèt ke mwen pap janm wè yo, petèt ke mwen pap janm ka sere men fisik yo isit sou tè sa a, menm si mwen ta renmen fè l. Men, Seyè Bondye, mwen priye pou priyè sa a egzose. Epi Ou di nan Pawòl Ou: 'Yon moun ki koute Pawòl Mwen, ki mete konfyans nan Moun ki voye M lan, lap gen lavi ki pap janm fini an. Yo pap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.' Nan fason enb mwen pou pote Verite Bondye a, aswè a, anpil tandè Pawòl la. Kounye a, Ou te pwomèt ke Ou ta pral sove yo, epi yo 'pa tap mouri', ke pèsonn tap ka rache yo nan men W, ke Ou ta pral resisite yo nan dènye jou yo, ke pa yon grenn cheve nan tèt yo tap pèdi. Ou pwomèt li.

194 Kounye a, kòm on priyè, antan ke sèvitè, Seyè, epi antan ke frè pou-pou yo, mwen-mwen fè priyè sa a epi mwen remèt yo nan men Bondye, pou ke okenn mal pa janm rive yo, epi pou Satan pa rache yo nan men Bondye. Se pou Ou yo ye, dè trofe. Epi mwen gen konfyans ke Ou pral ba yo on vi long, epi si posib, kite yo wè Vini Seyè Jezi a. Se pou yo pati isit aswè a, epi pou yo vin dè moun kap genyen nanm, kap pale lòt moun, pou mennen yo a yon konesans sali ki an Kris. Akòde l. Tout bagay nan men W, Papa. Nan Non Jezikri.

195 Epi pandan ke tèt nou bese jis on moman. Mwen mande m si gen on moun ki prezan kounye a, ki santi ke pandan ke nou te an priyè ke-ke on bagay inabityèl rive nan kè nou, epi

nou santi ke apati de kounye a nou pral viv on vi konsakre a Kris, epi nou wè ke Vini Seyè a toupre, nou kwè ke sa mwen preche se Verite a, apwopo de limyè kliyotan wouj sa a, jan bagay yo ye. Epi-epi nou konprann ke se Pawòl Seyè a, paske se Kris, epi nou kwè, apati de aswè a, ke nou pral viv on meye vi, pi pre de Kris, akòz de priyè ke nou fè aswè a epi de konfesyon ke nou fè. Epi pandan ke tèt nou bese, jis leve men nou, di: 'Mwen kwè I. Apati de aswè a, mwen pral viv on vi diferan.' Ke Bondye beni w. Se byen. Se jis bèl mèvèy. Mwen kwè ke m ka di ke pratikman tout moun, petèt, ki te leve men yo talè a, yo leve men yo ankò, pou montre ke yo aksepte I.

196 Kounye a, si nou pat janm batize nan Non Jezikri pou remisyon peche nou, sonje: 'Anba Syèl la pa gen okenn lòt non ki te bay pami lèzòm, kote ou dwe sove, si se pa Non Jezikri.' Sonje, gen yon sèl Epouz, Epouz de Kris, epi Li pote Non Li.

197 Kounye a, e si nou pat janm batize pa plonje nan dlo, nan Non Jezikri, kite m antanke sèvitè Li...Si Bondye te pwouve ban nou pa siy ak bèl mèvèy, ak pa Pawòl Li, ke m di Laverite; m kòmande nou tankou Sen Pòl te fè, nan Ak 19, ki te jwenn yon gwoup Batis. Yo te batize pa Jan Batis. Li te di: "Èske nou te resevwa Sentespri an depi nou te kwè?"

Yo te di: "Nou konnen...si gen yon Sentespri."

Li te di: "Nou te deja batize, pa Jan Batis, deyò nan Jouden an, menm moun ki te batize Jezikri."

198 Sa tap on batèm mèveye, men Pòl te di: "Sa pa bon kounye a." Li te kòmande yo ke yo ta dwe batize ankò, nan Non Jezikri, Ak 19:5.

E Pòl te di: "Si yon Anj desann sot nan Syèl epi preche nenpòt lòt levanjil pase Sa ke m te preche an, madichon pou li," Galat 1:8. Alò li te repete I ankò, li te di: "Janm te di a, se konsa m di ankò. 'Menm si yon Anj,'" ale wè pou yon minis, evèk, pap, oswa kèlkeswa sa I te ka ye a, "si yon Anj desann sot nan Syèl, yon—yon Cheriben sot nan Syèl, epi te preche yon lòt levanjil ke Sa a, madichon pou li."

Alò, m kòmande nou, si nou pat janm batize nan Non Jezikri, pandan dlo an nan pisin lan, ak rad kap tann, vini epi batize, "Ap rele Non Seyè a, epi nou va resevwa don Sentespri an; paske pwomès lan sou nou epi sou pitit nou, ak sou sila yo ki olwen, menm otan ke Seyè Bondye nou an va rele."

199 Papa nou ki nan Syèl la, kounye sa depann de Ou. Nan konvenk lòm, m eseye; men pou fòse lòm, m pa kapab. E Ou pa janm travay kont volonte yon nonm; paske, si yon nonm oswa yon fanm predestine pou Lavi Etènèl, lè Limyè Bondye a flache sou semans sa a, I ap

vin nan Lavi. E si gen Lavi nan mitan nou aswè a, Papa, ke W te flache Limyè W lan, epi yo pat wè Verite an, ke yo mache nan imilite ak dousè al nan pisin lan, pou yo batize nan Non Pitit byeneme W Lan, Jezikri.

200 An efè, nou konnen ke chak moun nan Lekriti te dwe batize, epi rebatize. Sila yo ki pat batize nan Non Jezikri, te dwe rebatize. E gran apot la, ki te gen kle Wayòm lan te di nan Jou Pannkot lan: “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, ke peche nou yo ka padone, epi pwomès Sentespri an se pou nou.” Fè ke sa reyalize aswè a, nan tout mezi, Papa.

201 M remèt yo ba Ou kounye a. “Pran kèk pawòl sa yo epi meditasyon kè an, epi ke I vin akseptab nan je W, O Seyè.” Epi ankre sou pitit Ou yo, epi ba yo Lavi Etènèl. Sove tout sa yo ki ka sove, epi geri sila yo ki malad. Ke gras Bondye repoze sou chak nan yo, antan nou remèt yo ba Ou kounye a, nan Non Jezi.

202 Kounye a ak tèt nou koube, m pral mande sè nou ki jwe piyano an pou I vin isi a. Jis on moman, jis apeprè senk minit an plis. E si gen youn ki dezire batize kounye a, ki te fè yon konfesyon epi ki kwè. Si nou kwè ke Jezikri se Pitit Bondye an, epi nou kwè I ak tout kè nou, pa jis—jis emosyonèl, men nou kwè I, e nou pare pou konfese ke nou nan tò; e nou pap kanpe sou pwòp merit nou, men sou sa L te fè; epi nou pare pou n avanse, pou pran Non Li nan batèm dlo, vin yon manm Kò an pa Sentespri an; alò, sal pou fanm yo adwat mwen, epi sal pou gason yo agòch mwen, ak rad ak bagay ki pare.

203 Pandan nou koube tèt nou, antan sè nou ap jwe: “M ka tande Sovè m ap rele m,” si kondiktè chan an va ban nou yon ti pawòl nan sa. Ak tèt nou koube kounye a, sèvis lan nan men Bondye Toupwisan an kounye a; pou kèlkeswa moun ki swete batize; swete antre nan chanm lapriyè pou priye pou batèm Sentespri a, gen enstriktè isi a kap pare pou enstwi nou oswa fè on bagay Ke Pawòl yo pa tonbe pou granmesi, men ke yo akonpli sa ke yo te prevwa pou fè. Ak tèt nou bese, se pou nou priye kounye a. Epi, e kote L kondwi nou, swiv.

...ka tande pa m...

Kounye a priye, chak Kretyen.

Mwen...Sovè m...

Èske n te ka tande L kap rele, lè Li te leve mesye ki te mouri an maten an?

Èske nou te ka tande L kap rele, lè Li nan Pawòl lan, ap flache Limyè Li nan tan fen an?

M pral avè L, avè L...

Èske nou gen volonte pou ale nèt?

Kote Li...

Bondye beni nou, frè m. Mesye yo agoch. Fanm yo adwat. Mwen...

...Mwen pral swiv,

Kote Li kondwi...

Bib lan te di: "Otan moun ki te kwè te batize."

...swiv,

M pral avè L, avè L nèt ale.

M pral avè L nan jaden an,

Ma pral avè L nan...

Sentespri a...?...

...Li nan...

Si yon moun pral ak medam yo bò isi a, pou chache Sentespri an, al nan sal la adwat, kèk nan nou sè yo ki enstwi nan Seyè a.

...nèt ale.

Kote Li kondwi...

Èske nou ka di onètman ke: "Kote Li kondwi m m ap swiv"? Èske n ap fè sa? Kote ti Vwa sa a pale avè nou, èske nou—èske nou—èske nou prale kote Li kondwi nou? Gade limyè wouj lan. Wè limyè a kap kliyote? Nou nan fen tan an.

...Li kondwi m m ap swiv,

M ap...avè L nèt ale.

Ma ka tandè...

Kijan L pale? Atravè Pawòl Li, nan kè nou. Èske n ap vini kounye a? Sa se envitasyon nou. Sonje, si sa rive anvan nou rasanble ankò, nou te avèti.

...tande Sovè m kap rele,

“Pran kwa w, epi swiv, swiv Mwen.”

Kote...

Kounye a èske kèk nan frè yo, pou enstriksyon, pral nan sal la isi a agoch mwen, ak frè kap pare pou batèm?

Kote Li kondwi...(Kèk nan frè minis yo isi a...?...antre nan sal la avè yo.)...swiv,

Kote Li kondwi m, mwen...(Èske nou vrèman panse sa?)...swiv,

M pral avè L, avè L nèt ale.

204 Kounye a, jis on moman. Kounye a, si nou pat batize nan dlo, pa plonje nan Non Seyè Jezikri. Jis sèlman tit yo: “Papa, Pitit, Sentespri,” pat janm gen yon moun nan tout Bib lan, pa yon sèl moun, te janm batize nan Bib lan, nan Non de “Papa, Pitit, ak Sentespri,” nan tit sa a. Okenn moun pat janm batize nan legliz la, nan listwa, pandan premye twasan zan sou bò sa a, chak moun te batize nan Non Seyè Jezi Kris, jiskaske Konsèy Nise an nan Nise, Wòm, kote legliz Katolik Women te òganize, lè sa yo te ranplase l pa tit de “Papa, Pitit, Sentespri.”

205 Si gen yon istoryen, yon minis, nenpòt lot moun, an ond, nan kasèt, ki ka pwodwi yon sèl Ekriti oswa yon bout istwa, kote yon moun te janm batize nan nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri, jouk legliz Katolik Women nan Nise, Wòm, nou gen devwa pou n pote l ban mwen, kite m eskize m. Pa gen bagay konsa. Non. E chak moun ki te batize pa plonje, ki pat batize nan Non Jezikri, yo te kòmande yo, anvan yo te ka antre nan Lagwa, pou tounen epi pou yo rebatize ankò. Kounye sa depann de nou.

206 Pa gen Ekriti nan Bib lan, kote okenn moun te janm batize, nan sèvi ak non de “Papa, Pitit, ak Sentespri,” jan ke moun yo batize jodi a. Se yon kredo Katolik, Katolik Women ki te transmèt nan Martin Luther, ak John Wesley, kontinye ap fèt. E Bib lan predi sa tap fason sa a, e tap fini nan dènnye jou yo, e pòt lan tap louvri, antan nou te jis ale atravè laj legliz yo pou wè li.

207 Sa depann de nou. M se jis on mesaje de Mesaj la. On fwa ankò, ann kwè li. Pòt yo louvri. Batistè an plen, e pa gen okenn rezon... Gen rad ki pare, e nap pare pou batize nan kèk pwochen minit yo.

208 Si nou isi a epi nou pat batize, yon fwa ankò annou chante, epi vini, èske nou pa vle? Akonpli...

209 Ou di: "M gen entansyon fè sa yon jou, Frè Branham." Jou sa a ka rankontre w tankou I te fè I pou Frè Way maten an, men petèt ke se pa menm gras la kap swiv, jan sa te fèt. Ou ka ale nenpòt minit. Kit ou te jenn, si w viv tout nwit lan, w ap...E si ou gen swasanndizan, w ap viv depase plizyè moun ki gen dizan, ak kenz, trantan. Dè milye nan yo ap mouri nan nwit lan. Se vre. Ou pa konnen kilè w prale.

210 Se pou n sèten. Pa pran yon chans sou sa. Jis sonje, ou ka pran on chans sou travay ou, oswa ou pran yon chans sou sesi, men pa pran on chans sou sa. Sonje, vwa m pral yon temwen sou kasèt mayetik Bondye an nan Jou Jijman an, kont sa.

211 Kidonk kounye a panse a sa, antan nap chante ankò ak tèt nou bese. "Kote Li..." Frè Neville. "...M ap swiv."